

Chapit Michel DeGraff @MichelDeGraff @MIT @MITHaiti

nan liv :

Langues créoles : Description, analyse, didactisation et automatisasion

Hommage à Yves Dejean et à Pierre Vernet

sous la direction de Renauld Govain

2021, Presses Universitaires de la Méditerranée

## Chapitre 5

### Rèv Yves Dejean, rèv mwen, rèv ou, rèv nou : « ... pou solèy ledikasyon rive klere an kreyòl<sup>1</sup> ... »

---

Michel DEGRAFF

*Pwofesè, MIT Linguistics & Philosophy.*

*Manm fondatè Akademi Kreyòl Ayisyen. Direktè Inisyativ MIT-Ayiti*

#### 1 An n sonje rèv Yves Dejean : lekòl tèt an wo pou peyi tèt an wo

Onè ! Respè !

Atik sa aranmase pawòl nan 2 konferans kote mwen ak plizyè lòt kolèg te gen opòtinite onore Pwof. Yves Dejean. Si m ka kanpe nan konferans, nan lokal Etid Pòs Gradye Inivèsite Leta d Ayiti (« Université d'État d'Haïti », egal « UEH ») epi nan Brooklyn College devan yon gwoup kreyolis, pou m fè prezantasyon an kreyòl, se gras a Yves Dejean. Epi chak grenn atik syantifik m ekri an kreyòl, se yon gwo mèsi pou Pwòf Yves Dejean (« Papa Iv ») paske se li ki te pi plis ede m devlope kapasite sa a pou m ekri sou lengwistik an kreyòl.

---

1. Atik sa a baze sou 2 entèvansyon ke m te fè nan onè Yves Dejean : youn nan Etid Pòs Gradye nan Inivèsite Leta d Ayiti (« UEH ») nan dat 18 oktòb 2018 epi lòt la nan Brooklyn College nan dat 26 oktòb 2018. M ap remèsye Dwayen Renauld Govain nan Fakilte Lengwistik Aplike (Laboratwa « LangSÉ ») ak Dòk Marie Lily Cérat ansanm ak ekip li nan Espas Kreyòl (Menès Dejoie, Yves Raymond, Jean Refusé, Hugues Saint-Fort) ki te envite m nan konferans sa yo. M ap remèsye Valéon Vilbrun ak Nadege Cherubin paske se yo ki te fè transkripsyon entèvansyon m yo. Se transkripsyon sa yo ki bay chapant atik sa a epi m vin ajoute kèk nouvo detay ladan pou atik la ka pi djannm toujou. Mesye Vilbrun te transkri entèvansyon m nan UEH epi Madam Cherubin te transkri entèvansyon m nan Brooklyn College. Tou lòt 2 fè yon kokenn chenn travay. Ki fè pa gen pawòl ki ase pou m remèsye yo pou èd yo nan atik sa a. M ap remèsye Renauld ak yon evalyatè ki anonim pou fidbak yo sou atik la. Frenand Léger, Jacques Pierre ak Hugues Saint-Fort ban m bon jan fidbak tou sou atik la. M ap remèsye tout kolèg ak zanmi sa yo ki toujou ap brase lide avè m sou dosye lang ak edikasyon ann Ayiti. Epi tou, sa ki rann travay sa a posib se kole zepòl pami gason kanson ak fanm vanyan nan Inisyativ MIT-Ayiti. Ochan pou yo tout ! N ap tou pwofite remèsye Fondasyon Nasyonal pou Lasyans oz Etazini (*National Science Foundation*, sibvansyon # 1248066), Ministè Edikasyon Nasyonal ann Ayiti, Anbasad Etazini ki Pòtoprens, Fondasyon Konesans ak Libète, Open Society Foundation, Wade Foundation, MIT pou finansman ki te rann pwojè sa a posib.

Lè Papa Iv te envite m premye fwa ann Ayiti vin fè yon seminè nan Biwo Lang Kreyòl nan Sekretarya Leta pou Alfabetizasyon, li te di m : « Michel, Leta ap peye tikè w pou w vin fè seminè pou nou. Men, pinga w vin pale ni franse ni angle. Se an kreyòl pou w fè seminè a ». Li te di m si m vle pou mesaj la pase tout bon, se an kreyòl pou m pale.

Se nan premye seminè sa a, an kreyòl nan Biwo Lang Kreyòl la, mwen te vin reyalize kalte manti ak prejije ki antre nan vye rezonman ki popilè pami anpil entelektyèl ayisyen. Entelektyèl sa yo toujou ap di lang kreyòl la manke jèvrin oswa li pa gen ase vokabilè syantifik pou n ta sèvi ak li lè n ap prezante atik syantifik sou tematik ki konplike anpil. Yves Dejean te fè m reyalize se pa lang lan ki manke jèvrin, se nou menm entelektyèl ki manke jèvrin : se krebete yo krebete nou depi nan jaden d anfan ki fè n kwè gen tematik ke n pa ka analize oswa diskite an kreyòl. Nan premye esperyans sa a ke m te viv nan fè prezantasyon sou lengwistik an kreyòl, mwen te vin reyalize jan sa fasil pou vokabilè lang kreyòl la devlope (tankou yon bibit !) lè n ap fè l leve « pwa lou » pou n esprime analiz syantifik nou. Se kon sa nou ka vin kreye nouvo vokabilè kote n te manke tèm teknik. Kreyasyon sa a fèt pi fasil lè se an gwoup n ap travay an kreyòl pou n rezoud pwoblèm syantifik. Epi se kon sa vokabilè lang lan tou pran « woulib » nan brase lide sa yo epi leksik lang lan vin pran jèvrin ki nesèsè a (Dizikes 2017, LOOP Haiti 2017). Donk, m ap di Yves Dejean mèsè paske l te trase wout sa a pou mwen.

Gen yon jèn sanba ki rele Camoens Zicky Daniel ki rete nan Sen Lwi di Nò — yon jèn ki rele tèt li « Zicky nèg an deyò, baton jenès la ». Zicky ekri yon bèl powèm pou Yves Dejean ki rele « Yves Dejean pa mouri ». An n sèvi ak powèm sa a tou pou n onore Yves Dejean ki te fè rèv pou « solèy ledikasyon rive klere » nan peyi d Ayiti. An n fè jefò pou travay li ka kontinye briye menm apre lanmò l. M ap pataje 4 pati nan powèm Zicky a pandan m ap fè prezantasyon m lan.

Yves Dejean investè tout vi l nan goumen kont lekòl tèt an ba kote pwofesè ap anseye nan yon lang ke ti moun yo pa konprann (Dejean 1986, 2006, 2010a,b, 2013, e latriye). Nan dènye peryòd nan vi l, lè nou te vin kreye Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) te vin kanpe an 2014, nou te wè l k ap kore AKA. Li pa t dakò avèk prensip pou ta gen yon akademi ki pral « fikse » lang kreyòl la. Li te espere ke objektif sa yo, ki nan Atik 213 Konstitisyon 1987 la, pa chita sou okenn fondasyon syantifik : Pa gen okenn enstitisyon sou latè beni ki gen kapasite pou « fikse » yon lang — sèl lang ki ka « fikse » se lang ki deja mouri, tankou laten (Dejean 2013). Men, malgre fay syantifik sa yo nan Atik 213 ki bay baz legal pou AKA, Yves Dejean te deside kore AKA paske li te konprann ki jan AKA te ka akonpli yon misyon ki enpòtan, yon misyon ki nòb pou peyi a. Li te konn di m kon sa : « Kòm lengwis, mwen pa fouti dakò ak Atik 213 Konstitisyon an. Men, sa nou pral fè a ka bon pou peyi a kanmenm. M ap kore nou depi se popilasyon an nou pral sèvi sou bon jan fondasyon lengwistik ki rekonèt enpòtans lang kreyòl la pou devlopman peyi d Ayiti<sup>2</sup>. »

2. Se domaj vin gen twòp deriv nan AKA k ap febli fonksyonman enstitisyon an (DeGraff 2018, Léger 2020).

Si nou vle konprann travay Yves Dejean an tout bon vre, fòk nou li liv sa a ki rele *Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba* (Dejean 2006). Si nou se lengwis, sosyològ, politològ, antwopològ, si n ap anseye literati, e latriye, si n se pwofesè k ap antre ann Ayiti an misyon e ki vle ede peyi a, fòk nou li liv sa a pou n ka konprann Ayiti, pou n ka konprann fondasyon ak fonksyonman sosyo lengwistik sosyete ayisyèn lan e pou n ka konprann ki sa ki fè lekòl nou yo tèt an ba nan yon peyi tèt an ba. Men yon ti lougal sou liv la<sup>3</sup> :

Non m se Yves Dejean. Mwen pral li premye chapit yon liv m ekri. Liv la soti nan enprimri Deschamps, Pòtoprens, Ayiti, nan mwa d avril 2006. Non liv la se : *Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba*.

2 mo silvouplè ! Nan yon konferans mwen fè Okap nan fen ane 1964 la, mwen te mande yon gwo chanjman nan yon sistèm lekòl ki te ouvè 2 bra l bay yon ponyen Ayisyen sèlman, pou nou fè l tounen yon sistèm ki nan avantaj tout Ayisyen, ki fèt pou tout moun peyi a, ki nan sèvis yo tout. Se yon kondisyon ki nesèsè pou sa rive liv la ap etidye. Lang kreyòl tout Ayisyen se nan chemen sa a pou yo pase pou yo rive devlope tout konesans ak tout teknik ki kapab louvri baryè pwogrè pou tout pèp nou an.

Premye Chapit. Fèy pistach ak fèy kanpèch. Èske ou konprann sa w ap li a ? Tout pwofesè lekòl ann Ayiti ta dwe poze chak elèv kesyon sa a e yo ta dwe kontwòle repons lan pou yo wè sa li vo. Sa pa kont si yon timoun di wi li konprann. Se pou pawòl li ak eksplikasyon li bay yo montre li konprann sa li li a. Èske tout pwofesè lekòl tout kote sou latè bezwen poze chak elèv menm kesyon sa a ? M pa kwè sa, paske nan sistèm lekòl ki pa tèt an ba yo, responsab edikasyon nasyonal, direktè lekòl, paran elèv, gran elèv, ti elèv deja rekonèt yon prensip klè : Li san konprann se pa li tout bon. Èske pifò pwofesè ayisyen ta mal dekwa pou yo ta kwè li san konprann se li tout bon ? M pa panse sa. Men, yon sitiyasyon dwòl lekòl tèt an ba gendwa twouble tèt yo...

E gen anpil tèt ki twouble vre, wi ! Men, nou ka fè yon analiz sou fason sistèm lekòl tèt an ba sa a gen yon objektif ki ateri, wi. Menm si sistèm lan echwe majorite popilasyon an, toujou gen yon ti gwoup k ap byen mennen. Se kon sa nou ka di sistèm lan mache pou yon ti gwoup moun paske li baze sou yon prensip ke n ka rele yon « apatèd lengwistik ». Genlè se Paul Dejean ki te sèvi ak pawòl sa a an premye ann Ayiti nan liv li ki rele *Haiti : Alerte, on tue !* (1993 : 123-124). Paul Dejean te esplike ki jan Ayiti se yon peyi ki soufri yon apatèd lengwistik. An 2017, m ekri yon atik an kreyòl e ann angle ki montre, vreman vre, Ayiti soufri apatèd tankou Afrik di Sid. Ann Afrik di Sid, se koulè po ki te baz apatèd la alòs ke ann Ayiti se preferans nan itilizasyon lang (franse nan plas kreyòl) ki vin kreye apatèd la (DeGraff 2017a). Toutotan n ap goumen kont apatèd sa a, Yves Dejean pa ko ka mouri. L ap oblije rete la avè nou, nan goumen sa a pou Ayiti nou vle a — pou n mete lekòl yo tèt an wo.

Se kon sa n ap sèvi ak rezilta rechèch Yves Dejean yo pou n kalkile istorik ak fonksyonman sitiyasyon apatèd sa a pou n ka jwenn yon solisyon. Nou menm, nan travay pa nou, nou rapousuiv filozofi Yves Dejean nan dosye edikasyon (Dejean 2006, 2010a,b, 2013, DeGraff & Stump 2018, DeGraff 2016a,b, 2017a,b,

3. Nou ka tande kòmansman liv Yves Dejean an (*Lekòl tèt anba nan peyi tèt anba*) sou SoundCloud : [www.facebook.com/michel.degraff/posts/10154906617663872](https://www.facebook.com/michel.degraff/posts/10154906617663872).

2018a,b, Belony, DeGraff & Stump 2019). Prensip fondamantal la se : Fòk ti moun yo byen konprann sa y ap aprann lan. Pou yo rive fè sa kòm sa dwa, fòk yo aprann nan lang natif natal a yo. Ki donk, lè sistèm edikasyon an anpeche ti moun yo aprann nan lang matènèl a yo, sa se vyolasyon yon dwa fondamantal, yon dwa fondamantal ke Nasyonzini rekonèt pami dwa moun epi Ayiti siyen akò ofisyèl pou respekte dwa fondamantal sa a. Epi tou, lè ti moun yo rive sèvi ak lang matènèl a yo nan sal klas, sa se yon zouti ki ede yo antre djanm nan aprantisaj tout kalte matyè (matematik, fizik, chimi, biyoloji, e latriye) epi sa ede yo vin maton nan aprantisaj lòt lang tou — tankou lang franse a (nou ka konsilte DeGraff 2016a,b, 2017a,b, DeGraff & Stump 2018 ak referans ki nan atik sa yo pou pi plis detay sou sa).

Nou menm k ap travay nan UEH oswa k ap kolabore ak kolèg nan UEH, nou menm nan Fakilte Lengwistik Aplike (FLA), nou menm nan CUNY Haitian Studies Institute, nan Espas Kreyòl e nan Brooklyn College, nou menm, lektè, k ap travay pou Ayiti, an n poze tèt nou kesyon sa yo :

- Lè n konsidere misyon nou kòm pwofesè, èske konsyans nou ka pèmèt nou rapousiv vyolasyon dwa ti moun yo oubyen èske nou pral eseye chanje sistèm lan pou n rive respekte dwa ti moun yo ? Èske nou pral ede nan reyalize rèv Yves Dejean ?
- Mwen wè pifò dokiman ekri ak prezantasyon nan UEH (FLA ladan tou) se an franse. Kounye a, èske nou menm k ap travay nan lengwistik oswa edikasyon, èske nou pral kontinye tradisyon kote ansèyman ap fèt nan yon lang ki pa rele etidyan yo chè mèl chè mètrès ?
- Lè nou menm lengwis ak edikatè ap « aplike » misyon nou, ki sa nou pral fè pou n mete lekòl tèt an ba sa yo tèt an wo selon sa lasyans di nou konsènan enpòtans lang natif natal etidyan yo nan pwosesis aprantisaj la ?

Zicky pran pawòl Yves Dejean yo pou l kreye yon powèm ki chita sou rèv Yves Dejean pou « solèy ledikasyon » ann Ayiti « rive klere an kreyòl ». Men premye pati powèm lan :

Yves Dejean pa mouri  
 Yon Yves Dejean k ap reve 2 je kale  
 K ap fè babay san l fè wonn pòtay  
 Ki di l p ap fè yon pa nago, yon pa kita  
 Toutan solèy ledikasyon ti Ayisyen  
 Pa rive klere an kreyòl  
 Kouman potorik gason sa ta ka fè mouri?  
 Yves Dejean pa mouri...

Se an 3 pati m pral fè entèkansyon m lan :

Nan premye pati a, nou pral eseye konprann sa sa vle di lè n di ke lekòl yo tèt an ba. Ki konsekans lekòl tèt an ba sa yo genyen pou Ayiti? Kesyon m pral poze nan dezyèm pati a se : Kote sistèm tèt an ba sa a soti? Ki vle di : ki orijin istorik lekòl tèt an ba sa yo? Twazyèm kesyon m pral poze a se : Kouman pou n mete lekòl yo tèt an wo?

## 2 Yon lekòl tèt an ba nan yon peyi tèt an ba » ? Ki sa sa vle di ? Ki konsekans sa genyen ?

Pou n eseye konprann ki sa pawòl « tèt an ba » sa a vle di, an n kòmanse ak yon « ti kalkil » ki baze sou chif ki konsène edikasyon ak devlopman. An n kòmanse kalkil sa a ak kèk chif nan yon dokiman *Groupe de Travail sur l'Éducation et la Formation* (GTEF). Se Jacky Lumarque ki te dirije travay sa a. Men kèk nan done sa yo :

- Se sèlman 10 % ti moun ki antre lekòl primè ki rive fini klas segondè yo.
- Se sèlman 1 % apeprè ki jwenn yon ti bout ansèyman siperyè.

Donk, nou menm Ayisyen ki pase nan inivèsite, nou se yon ti elit lè n konsidere estatistik 1 % sa a. Men, èske sa nòminal pou yon peyi gen sèlman 1 % ki rive antre nan inivèsite ? Sa pa nòminal. Sa tou se yon sitiyasyon « tèt an ba » ! Gen yon pwoblèm ki pi rès toujou. Se yon pwoblèm nou jwenn depi an patan : Se depi nan jaden d anfan ti moun yo ap aprann pa kè, an jako repèt, san konprann.

An n gade sa powèm Zicky a di sou sa. Zicky byen esplike ki jan sitiyasyon tèt an ba sa a vyole dwa ti moun yo :

Yon Yves Dejean byen fen k ap flannen  
 Ki ap gade ak 2 nawè l yon lekòl tèt an ba  
 Nan yon peyi tèt an ba  
 Ak yon pakèt tablo, ban devan dèyè  
 Nan yon mòd ansèyman a lanvè  
 Ti moun yo tanmen ap fòse aprann san konprann  
 Nan yon lang ki pa ni lang manman ni lang grann  
 Mmm... Metòd sa se yon kout mato nan sèvo pou ti zanfan yo  
 Yves Dejean pa mouri !  
 Chapit ki ekri nan liv la  
 Nòt ki ekri sou tablo a  
 Entèpretasyon imaj la  
 Anpil fwa pwofesè a pa fouti wè « a » nan fèy malanga  
 Mwen pa bezwen di w pou elèv la  
 Se sa ki lakoz rigwaz mèt toujou sou biwo a  
 Pou l fòse ti bourik la bwè dlo a  
 Se tankou w ta ka di : Pwofesè avèg, elèv soudè  
 Se lave men siye atè  
 Yves Dejean pa mouri

Kounye a, an n gade 3 pwen enpòtan Yves Dejean di nan liv li a konsènan rezon ki mete lekòl peyi a tèt an ba :

Premye pwen an se yon konsiderasyon Yves Dejean fè an rapò ak fyète nou kòm yon nasyon ki endepandan depi 2 syèk. Pami peyi ki endepandan depi plis pase 100 lane, Ayiti se youn nan ra peyi ki gen yon grenn lang ke tout moun pale epi se pa lang sa a ki sèvi nan lekòl yo. Nou di nou « endepandan » epi gade jan sistèm lekòl la, depi an patan, ap douko sèvo ti moun yo, ap fè yo renye lang a yo ak sa yo ye.

Dezyèm pwen : Nan analiz Yves Dejean, baryè lang sa a se youn nan rezon pou gwo echèk nan pifò lekòl yo.

Twazyèm pwen an se yon pwoblèm ki gen 2 dimansyon ladan : yon dimansyon ki lokal e k ap aji anndan peyi a epi yon lòt dimansyon ki soti an deyò peyi a (sitou nan gouvènman peyi sa yo ki di y ap « ede » Ayiti). Tou lòt 2 dimansyon sa yo sèvi ak pouvwa lang franse a pou avantaj gwoup ki derefize fè alyans solidarite ak popilasyon ki pale kreyòl sèlman an. Se nan sans sa a sistèm lan « reyisi » pou yon gwoup pandan li lakòz echèk yon lòt gwoup ki se majorite popilasyon an (Dejean 2006, Tontongi 2007, Saint-Fort 2014, Charles 2015, DeGraff 2005, 2015a,b,c, 2016a,b, 2017a,b, eks.).

Sou anndan : Baryè lang lan vin fèmèl elit la kòm ki dirèl elit la pa fouti laji pou l pran moun ki soti nan klas an ba yo. Lang lan tounen yon baryèl ki vin patisipe nan kreyasyon yon sistèm apatèd. Apatèd sa a malouk, wi, lè n konsidere estatistik ki di se sèlman apeprè 3 % moun ki pale franse alèz, ki pale franse lakay yo (Saint-Germain 1997).

Lòt dimansyon pwoblèm sa a se lè apatèd lokal la vin ede kòz peyi etranje (tankou Lafrans) ki toujou ap chache enpoze lang franse a nan ansyen koloni li yo (« Frankofoni ») pou l kore enterè politik e ekonomik li yo. Se kon sa tou Etazini sèvi ak lang angle a pou l defann enterè pa li tou, tou patou nan lemonn (DeGraff 2015a,b,c).

Ki orijin sistèm apatèd sa a? Ki jan nou pral konbat apatèd sa a ki vin makonnen ak yon dominasyon jeyo politik k ap sèvi ak lang ansanm ak edikasyon kòm zam pou dominasyon neyo kolonyal?

Anvan n reponn kesyon sa yo, an n gade ki enpak apatèd sa a genyen sou devlopman peyi a. An n gade done ki soti an 2018 nan *World Economic Forum* ki kalkile plizyè endikatè pou klase 137 peyi<sup>4</sup>. Ki sa nou wè? Ayiti klase kòm 129<sup>èm</sup> peyi pou ansèyman siperyè; 134<sup>èm</sup> pou teknoloji; 137<sup>èm</sup> pou inovasyon — ki vle di : nou dèyè nèt nan inovasyon. Kouman yon peyi ka devlope si li pa ka inovè? E nou nan 128<sup>èm</sup> pozisyon pou konpetisyon global.

Jounen jodi a, se depi an patan lekòl yo ap gaspiye kapasite pifò ti moun nan peyi a. Pa gen okenn jan Ayiti ap janm ka devlope si nou pa sèvi avèk kapasite tout ti moun yo.

Pou n kreye yon sistèm ki tèt an wo, gen 2 engredyan ki enpòtan. Gen lòt faktè ki enpòtan tou — faktè ki nan domèn politològ, ekonomis, e latriye. Men, kòm lengwis, nou ka konsantre sou 2 faktè ki enpòtan nan dosye nou dwe metrize : lang ti moun yo ansanm ak idantite a yo. Se tou lòt 2 faktè sa yo ansanm ke sistèm lekòl la (ansanm ak lòt enstitisyon nan peyi a) dwe valorize. Si ti moun yo pa santi yo alèz nan lekòl la, si yo pa santi ke lekòl la la pou yo, yo p ap fouti reyisi.

### 3 Orijin lekòl tèt an ba nan peyi tèt an ba

Pou n konprann orijin sistèm tèt an ba sa a, fòk nou ale nan orijin peyi a, orijin *kolonyal* peyi a, kontèks jeyo politik peyi a, orijin ak fonksyonman divizyon klas sosyal yo ki separe moun an wo kont moun an ba.

4. [www.weforum.org/reports/the-global-competitiveness-report-2018](http://www.weforum.org/reports/the-global-competitiveness-report-2018).

### 3.1 Ansyen kolon k ap defann esklavaj pandan y ap pwone « libète, egalite, fratènite »

Lè n ap analize sistèm lekòl tèt an ba ann Ayiti, fòk nou sonje Ayiti se pa yon esepsyon : Ayiti se youn pami yon pakèt viktim yon sistèm enperyalis neyo kolonyal ki global — yon sistèm kote pifò entelektyèl (ata lengwis yo !) prefere bay lang kolon yo (tankou franse ak angle) pi plis valè pase lang kolonize yo (tankou kreyòl).

Nan travay mwen kòm lengwis, m analize plizyè sitiyasyon sou latè beni kote lang sèvi kòm zam pou dominasyon ak esklizyon. Nou ka tou sèvi ak analiz sa yo pou n kalkile ki jan pou n sèvi ak lang kòm zouti pou n jwenn liberasyon ak egalite, pou n mete lekòl yo tèt an wo.

Fòk kalkil sa a mande ki kote sistèm lekòl tèt an ba sa a soti? Sa se yon kesyon ki global. Kòm tan an kout, m ap oblije pran wout dekoupe nan listwa pou m ban nou yon repons ki pa twò long. Repons lan soti nan yon sistèm esklavaj, yon sistèm kolonyal ki t ap fè dappiyanp sou zansèt nou yo ki te soti ann Afrik, fè yo tounen pwopryete prive kolon blan ewopeyen. Se kon sa kolon yo te mennen zansèt afriken yo nan zòn Karayib la, fè yo travay sou plantasyon sik, koton, endigo, e latriye, epi se tout pwodui sa yo ki te fè Ayiti tounen « La perle des Antilles » ki t ap pwodui richès pou Lafrans. Men, « perle » sa a se te yon anfè pou zansèt nou yo !

Kounye a fòk nou sonje se te menm peyi Ewòp sa yo kote te gen gwo entelektyèl ki t ap pale de « siècle des lumières ». Se pandan « siècle des lumières » sa a (egal : 18<sup>em</sup> syèk) kolon blan yo t ap pran dè milyon moun, trete yo kòm si yo te bèt, kòm si yo te mèb. Sa te vin poze yon kesyon fondamantal : Ki jan fè yon sosyete entelektyèl nan « le siècle des lumières » ki chaje ak filozòf ki entèlijan e ki di yo pwogresis, filozòf k ap pwone « valè inivèsèl » tankou « libète, egalite, fratènite » e ki di ke nou tout se moun, ki jan fè se menm filozòf sa yo ki te ka aksepte pou zansèt Afriken nou yo ta sèvi kòm bèt sou plantasyon kolon blan nan zòn Karayib la?

Se la prejije anti kreyòl yo soti, wi — nan kalkil ke Ewopeyen yo te oblije fè pou yo rekonsilye « valè inivèsèl » a yo ak sistèm esklavaj ke yo te mete sou pye pou yo kreye « Perle des Antilles » sa a ki te depann de esklavaj Afriken yo. Se nan « Perle des Antilles » sa a ke Afriken yo, ansanm ak kolon franse yo, te vin pale lang kreyòl ki te sanble ak lang Ewopeyen yo pandan lang kreyòl sa yo te kenbe sèten eleman nan eritaj lengwistik Lafrik Ginen tou.

Se konfli sa a (ant valè inivèsèl « siècle des lumières » Ewopeyen yo ak yon sistèm esklavaj ki t ap demounifye Afriken yo) ki te vin akouche anpil prejije konsènan orijin lang kreyòl yo. Se nan analiz Ewopeyen yo (sila yo ki t ap chache rezoud konfli entelektyèl sa a) pou n eseye konprann pou ki sa nou menm ann Ayiti kounye a, ata gran tèt nou yo k ap travay nan gran inivèsite, nou pa ko bay kreyòl la valè ke li merite a menm si n ap fè gwo jefò pou sa. Men 2 egzanp gwo jefò nan dosye sa a : Dwayen Govain (FLA), ki òganize yon gran woumble pou onore Yves Dejean ak Pierre Vernet, entwodui woumble a an kreyòl e an franse. Nan Brooklyn College, se an kreyòl tout reklam ak tout entèvansyon yo fèt ! Sa se gwo pa ann avan, wi. Sa ta dwe trase modèl pou tout kalte aktivite k ap fèt ann Ayiti oswa pou Ayiti.



Wi, n ap fè jefò, men, pou ki sa jis kounye a, toujou gen yon pakèt pawòl ki tonbe nan kategori teyori « eksepte » kòm ki dirè tout lang se lang, *eksepte lang kreyòl yo*. Lide sa a soti nan menm sistèm ki te konn di ke tout moun se moun, *eksepte Afriken yo*, oswa tout peyi gen istwa, *eksepte peyi Afrik yo...* Se filozòf Hegel ki te di pawòl malouk sa a sou peyi Afriken yo pou l retire Afriken yo nan kategori popilasyon ki gen yon pase istorik menm jan ak popilasyon peyi Ewòp yo (Hegel 1836).

Donk, nou ka mande : Nou menm ki la a, konbyen nan nou ki janm tande pawòl ki di kreyòl pa lang? Leve dwèt nou... Mwen wè se pifò nan nou ki konn tande pawòl sa a. Adye !

Se tou lè jou gen moun (ata gran entelektyèl ann Ayiti !) k ap plede di kreyòl pa lang oswa kreyòl se yon lang ki soti nan « petit nègre », ki toujou « ann anfans », ki se yon « enfimite » (sa se pawòl istòryen e ansyen prezidan Leslie François Manigat — n ap jwenn referans sou sa ansanm ak kontèks remak Manigat sa yo nan yon atik sou « lekòl tèt an wo » : DeGraff & Stump 2018). Ata yon gran etnòlòg ayisyen tankou Jean Price-Mars, ke anpil moun konsidere kòm youn nan fondatè mouvman endijenis epi negritid (Joseph, Saint-Paul & Mézilas 2018), te panse kreyòl se yon lang ki pa fouti kanmarad lang « gran sivilizasyon » tankou lang franse a (Price-Mars 1919, 1928, 1939, 1966). Èske, nou menm lengwis ak lòt plim e ank ayisyen, èske n sèvi ak kreyòl la kòm si se yon lang tout bon, kòm si se lang menm jan ak franse, angle, e latriye? Èske nou menm lengwis k ap fè rechèch sou lang kreyòl la, èske n respekte lang kreyòl la menm jan nou respekte franse oubyen angle oubyen alman oubyen chinwa? Kesyon sa yo fondamantal, wi.

Nan analiz mwen, rezon ki fè, jounen jodi a, nou pa ko rive respekte kreyòl menm jan nou respekte lòt lang tankou franse se paske lè, nan 17<sup>èm</sup> ak 18<sup>èm</sup> syèk, lengwis yo te premye ap analize lang kreyòl yo, yo te wè tèt yo kòm bon kreyen ki eklere. E poutan yo t ap kore yon sistèm kolonyal ki t ap fè moun tounen esklav. Donk, kouman yo pral esplike tèt yo ke yo se kreyen, yo eklere epi yo dakò ak yon sistèm k ap pran dè milyon Afriken epi sèvi ak yo kòm si yo se bèt sovaj? Solisyon « syantifik » ke yo te vin jwenn sou kontra-diksyon sa a se sèvi ak lasyans pou yo kore pawòl ki di « Afriken sa yo pa fin moun tout bon, non !... Yo ka *sanble* ak moun. Men, yo pa moun menm jan avè nou, non... Ki jan nou ka pwouve sa? Enben, nou pral pwouve sa ak analiz ke n pral fè sou relijyon yo, kilti yo, lang yo, e latriye. Nou pral sèvi ak zouti lasyans pou n montre ke lang Afriken yo pa lang tout bon. Ki vle di : Yo pa moun tout bon ! »

Epòk sa a, te gen filozòf tankou Willem von Humbolt (1836) ki te di kon sa yo ka sèvi ak lang yon moun pale pou yo mezire mounite moun lan ansanm ak jèvrin nasyon li. Ki di donk : Lang yon moun pale tou bay mezi mounite l. Si lang li pa djanm, li pa moun tout bon... Se kon sa lengwis ewopeyen yo te vin sètoblize analize lang kreyòl kòm lang ki apa, lang ki pa lang menm jan ak lòt lang. Se kon sa yo vin kreye « teyori eksepte » pou lang kreyòl yo kòm « lang eksepte ». E si w byen gade kote yo pale lang ke lengwis yo rele « lang kreyòl », se nan Zòn Sid la yo ye, tou pre liy ekwatè a — egal : nan zòn ansyen koloni ewopeyen yo. Sa tou, se pa yon aksidan, non...



### 3.2 Nouvo kolon — anndan kou deyò — k ap defann pouvwa lelit ak enterè jeyo politik

Kounye a, an n gade kouman istwa prejije ak tout pawòl anti kreyòl sa yo vin make mantalite pwòp entelektyèl pa nou yo. Nou pral remonte nan 19<sup>èm</sup> ak 20<sup>èm</sup> syèk kote nou pral kontre ak yon ti echantiyon entelektyèl tankou Anténor Firmin, Jean Price-Mars, Hénock Trouillot, Leslie François Manigat pou n tande sa yo di sou lang kreyòl la.

Gen lektè ki petèt ava panse m ap « kondane » entelektyèl sa yo malman, san m pa konsidere kontèks istorik la. Lektè sa yo ka panse sa ta *enposib*, dapre sikonstans lavi entelektyèl sa yo, pou yo ta konsidere kreyòl la kòm lang. Rezonnan sa a ta vle di kon sa, nan epòk entelektyèl sa yo t ap viv la, pa ta gen okenn moun ki te ka konsidere kreyòl la kòm lang. Premyeman, se pa « kondane » m ap kondane : sa se yon analiz kote m ap montre orijin prejije kont lang kreyòl la epi fòs prejije sa yo, ata pami gran tèt nou yo. Epi tou, fòk mwenn raple nou se depi nan fen 18<sup>èm</sup> syèk ak kòmansman 19<sup>èm</sup> syèk te gen lidè tankou Dessalines ki te deja mande pou n sèvi ak « lang a nou » (egal : kreyòl) nan plas lang « zòt » (Descourtilz 1809, tòòm 3, paj 281 ; Jenson 2007, 334). Se kon sa tou Général Étienne Élie Gérin te mande pou se « gramè kreyòl » ki pou ranplase « gramè franse » nan lekòl (Saint-Rémy 1864, tòòm 5, paj 2). Donk, li te *byen posib* pou entelektyèl sa yo ta defann egalite lang kreyòl la devan lang franse menm jan li te posib pou yo te defann egalite moun nwa devan moun blan. Men, genlè se memm prejije rasis kolonyal yo ki te anpeche yo konsidere lang kreyòl kòm yon lang tout bon vre. Se kon sa yo menm tou te vin tonbe viktim menm prejije rasis sa yo ke yo t ap kritike nan travay yo kòm entelektyèl. Kounye a, an n gade kèk egzanzp viktim sa yo :

Ki sa Anténor Firmin te di ?

Firmin te pibye yon liv an 1885 — *De l'égalité des races humaines* — pou l goumen kont prejije rasis. Se yon liv li te ekri pou l reponn yon blan franse ki te rasis anpil e ki te di moun nwa se ras ki enferyè (Gobineau 1853). Firmin te ekri liv li a pou l di tout ras egal ego, nou tout egal ego ! Men, se menm Anténor Firmin sa a ki te deklare se nan lang franse a pou Ayisyen rive « egal ego » ak blan yo, se pa nan kreyòl la. Li te di se lang franse a ki ban nou mwayen pou lespri nou evolye (Firmin 1910 : 93).

Ki sa Jean Price-Mars te di ?

Nan liv *Vocation de l'élite*, li te di kon sa lang kreyòl la se : « un patois indigène [...] un ramassis étrange de termes français corrompus, mêlés à quelques mots anglais, espagnols, caraïbes et africains » (paj 71).

Epi nan dat 26 avril 1956, apre gouvènman ayisyen te nonmen l Minis Zafè Etranjè, li te pwononse yon diskou (Price-Mars 1966) kote li te bay Ayiti wòl pou l defann lang franse nan zòn Amerik la. Nan diskou 1956 sa a, li te flate lang ak kilti Lafrans kòm ki dirè eritaj franse peyi d Ayiti enpòtan anpil pou repitasyon nou kòm moun ki sivilize tout bon e ki ka mete Ayiti sou wout devlopman.

Èske diskou Price-Mars sa a se yon « flatri estratejik » sou yon echikye jeyo politik kote Price-Mars t ap chache defann enterè Lafrans kont Etazini oswa li

t ap sèvi ak lang franse ki pale pami yon ti elit ann Ayiti pou l chache avantaj pou peyi a<sup>5</sup>?

Ki sa Hénoek Trouillot te di ?

Nan liv *Les limites du créole dans notre enseignement* (Trouillot 1980), istoryen an te di kreyòl se yon lang ki fèmen sou li menm, chapant li etwat, chapant li limite, òtograf li pa fikse, sentaks li pa fikse. E poutan, lè H. Trouillot te pibliye liv sa a an 1980, Leta Ayisyen te fèk pibliye yon grafi ofisyèl tou nèf pou lang kreyòl la. Epi tou, fòk nou sonje Michel Rolph Trouillot, an 1977, te gentan pibliye yon bèl liv an kreyòl sou istwa d Ayiti (*Ti Dife Boule Sou Istwa Ayiti*), twa lane anvan H. Trouillot te pibliye liv li a sou (swa dizan) « limit » kreyòl la nan edikasyon ann Ayiti !

Ki sa Leslie François Manigat te di ?

L. F. Manigat te ekri tèt memwa l an 1953 epi l pibliye l an 2006 ak yon nouvo prefas nan *Éventail d'histoire vivante d'Haïti (1789-2006)*. Nan memwa sa a, li te di lang kreyòl la soti nan « petit nègre ». Ipotèz « petit nègre » sa a se youn nan pawòl ki pi rasis ki janm pale sou lang kreyòl la paske « petit nègre » se yon mòd pale ki rizib nèt e ki limite nan sa li ka esprime. Pou lektè sa yo ki ka anv di se « kontèks istorik » ki lakoz prejije sa yo, fòk nou sonje se depi an 1906 diksyonè *Larousse* bay definisyon sa a pou « petit nègre » : « Langue française réduite à des formes élémentaires que les littérateurs font parler aux nègres des colonies françaises, mais qui en réalité n'existe pas » (Augé 1906, p 399). Sa vle di : « kontèks istorik » L. F. Manigat te deja ofri referans syantifik pou sila yo ki te vle demanti sèten prejije ki t ap denigre lang kreyòl la.

Kòm, selon L. F. Manigat, orijin lang kreyòl la se nan « petit nègre », sa p ap etone nou si se nan lang franse a L. F. Manigat t ap chache « fyète » l, « diyite » l ak « idantite » l kòm Ayisyen ! An 1999, nan yon entèvyou ke l bay nan emisyon « Profil » nan *Télémax*, L. F. Manigat te deklare se frankofoni ki pou bay Ayiti « fyète » ak « diyite » nan relasyon nou ak lòt peyi. Pawòl sa a sanble ak pawòl Jean Price-Mars nan diskou kote l t ap pwone Ayiti kòm « France noire<sup>6</sup> ».

Epi, nan yon diskou L. F. Manigat te bay nan yon woumble ke UEH te òganize an jen 2010 (« Forum sur la reconstruction nationale »), istoryen an te di kreyòl se pa sèlman yon lang ki limite, se yon enfimite. Èske L. F. Manigat, ki te prezidan d Ayiti soti fevriye rive jen 1988, pa t konnen kreyòl la se youn nan 2 lang ofisyèl peyi a e se sèl lang ki « simante tout Ayisyen ansanm » (Atik 5 Konstitisyon 1987)? Anpil pwofesè nan UEH ki te la nan konferans lan te bat bravo pou L. F. Manigat. Vis-Rektè Fritz Deshommes nan UEH te bay diskou L. F. Manigat sa a ochan kòm yon « magistrale leçon d'histoire et de patriotisme » (Dorlus 2010 : 10). Men, gen lòt pwofesè ki te pwoteste — tankou Suze

5. M ap remèsye Fabian Charles ak Menès Dejoie paske yo te pataje referans sa yo sou paj Facebook yo — konsènan atitid mi wo mi ba Jean Price-Mars pa rapò ak lang kreyòl la. Epi m ap remèsye Serge Madhere, Marc-Kensen Curvinglines, Tidiri Mede (Jerry Gilles) ak Gary Daniel pou brase lide sou Facebook konsènan sa Curvinglines rele « flatri estratejik » Price-Mars nan diskou 26 avril 1956 li a.

6. <https://youtu.be/pVRIKKJSobc>.

Mathieu ak Lemèt Zefi ki te vin kritike pawòl sa yo nan repons ekri nan liv e nan journal (Mathieu 2010, Zefi 2010). Mwen ak kolèg mwen (Glenda Stump nan MIT) pote pi plis referans ak dokimantasyon sou koze sa a nan atik ki disponib sou sit wèb mwen (DeGraff & Stump 2018).

### 3.3 Lengwistik kòm zouti enperyalis pou kore apatèd sou baz lang

Kounye a, an n gade ki jan lengwis yo, yo menm tou, kontribye nan transmisyon prejije anti kreyòl sa yo. Nou ka di lengwis sa yo tou se « lengwis aplike » : Y ap aplike lasyans pou yo jistifye yerachi pouvwa pami divès gwoup moun. Se kon sa nou ka analize pawòl lengwis tankou Saint-Quentin, Bickerton, Valdman, e latriye. (Mwen ak kolèg Enoch Aboh fè analiz detaye sou sa, ann angle e an kreyòl, nan atik sa yo : DeGraff 2005, 2013, 2020 ; Aboh & DeGraff 2017.)

Ki sa Saint-Quentin te di? Nan 19<sup>em</sup> syèk, misye te di kon sa chapant lang kreyòl yo se pou moun ki pa gen lespri, se pou moun ki sòt. Se kon sa tou diksyonè nan 19<sup>em</sup> syèk te dekri lang kreyòl yo kòm si yo se « adaptasyon lang ewopeyen lè se ras moun ki enferyè k ap eseye pale lang sa yo... ». Se kòm ki dirè lang ewopeyen yo ta twò avanse pou Afriken, epi se kon sa lang ewopeyen sa yo ta vin pèdi jèvrin yo lè yo vin pale pami moun nwa ki, selon Saint-Quentin, pa gen menm nivo lespri ak kolon blan yo.

Derek Bickerton se youn nan kreyolis ki pi popilè nan istwa rechèch sou lang kreyòl yo. Anpil moun k ap fè rechèch sou lang kreyòl toujou site travay Bickerton. Ki sa misye te di sou lang kreyòl yo? Li di lang kreyòl yo se tankou « fosil lengwistik » (ki vle di : se lang ki pote mak fabrik yon pase ki remonte nan epòk *pre* istorik). Kòm ki dirè lang kreyòl se tankou laboratwa pou n konprann ki jan lang te pale lè zansèt nou te fèk parèt kòm moun, kòm « Omo Sapyens » depi byen lontan. Sa vle di lang kreyòl yo se lang ki primitif nèt. Donk, se kòm si, lè n ap pale kreyòl, nou menm Ayisyen nou tou bay egzanp mak fabrik fosil Omo Sapyens. E poutan, lè n sonje lang kreyòl yo parèt nan peryòd modèn, fòk nou reyalize sèvo moun sa yo ki te kreye lang kreyòl yo pa ta fouti sanble ak sèvo premye Omo Sapyens nan peryòd *pre* istorik.

Pou Bickerton, se prezans lang pidjin nan istwa lang kreyòl ki fè lang kreyòl yo vin sanble premye lang ki te pale pami Omo Sapyens — paske lang premye Omo Sapyens sa yo pa te gen zansèt ki te lang. Enben, Bickerton te panse kon sa tou lang kreyòl yo pa te gen zansèt, se lang ki « san manman » — paske, nan analiz li, lang pidjin yo, ki te sanse bay lang kreyòl yo nesans, se pa lang tout bon. Enben, ipotèz pidjin sa a se sous yon lòt erè nan analiz Bickerton lan — paske pa gen done ki ka montre se nan lang pidjin yo ke lang kreyòl yo soti. Egzanp : Nou jwenn plizyè aspè nan chapant lang kreyòl Ayiti a ki demontre aklè se yon lang ki pa soti nan okenn pidjin. Se yon lang ki soti nan kontak ant lang franse ak lang afriken san pa gen okenn pidjin ki te janm vin egziste nan fòmasyon lang kreyòl Ayiti a. Nan analiz sa a, lang kreyòl Ayiti a soti nan franse lè franse t ap fwote ak lang afriken menm jan lang franse a soti nan laten lè laten t ap fwote ak lang golwa ak lang jèmanik (Aboh & DeGraff 2017 ; DeGraff 2005 ; Mufwene 2005, 2020).

Bon, an n gade pawòl Albert Valdman kounye a. Sa se yon moun ki fè anpil travay enpòtan sou lang kreyòl Ayiti a. Li pwodui gramè ak diksyonè sou lang kreyòl la. Li jwenn anpil prestij ak anpil finansman pou rechèch li sou lang kreyòl. E poutan, ki sa l te konn di sou lang kreyòl yo? Li te di lang kreyòl yo se lang ki rachitik, se lang ak chapant ki wòwòt. Li te di se chapant lang kreyòl yo ki fè y ap gen pwoblèm pou yo sèvi nan ansèyman ak administrasyon. Nan analiz Valdman (1987 : 107), si n eseye sèvi ak yon lang tankou lang kreyòl Ayiti a nan lekòl, si n eseye fè sa m ap fè kounye a (egal : pale kreyòl nan kad rechèch syantifik nan nivo inivèsite), enben, kreyòl la pral mouri an ba gran lang tankou franse paske, kòm kreyòl la manke jèvrin, l ap oblije prete materyèl nan lang franse jouk lang kreyòl la rive fonn nan lang franse. Se sa yo rele « dekreyolizasyon », ki vle di lang kreyòl la pral pèdi « karakteristik kreyòl » li yo. Koze « dekreyolizasyon » sa a se yon ipotèz ki pa gen sans lè n sonje se tout lang ki evolye e ki chanje nan fwote ak lòt lang san yo pa oblije pèdi jèvrin yo pou sa.

Erezman se pa tout lengwis ki antre nan chema sa a pou yo aplike lasyans pou yo kraze lang kreyòl yo. Erezman gen lengwis tankou Salikoko Mufwene ki, depi byen lontan, ap esplike pou ki sa nou pa dwe defini lang kreyòl yo sou plan lengwistik (Mufwene 2005, 2020). Nan analiz Mufwene, se sou plan istorik pou n defini lang kreyòl yo kòm lang ki soti nan yon kontèks istorik ke n ka idantifye san pwoblèm. Mwen dakò ak apwòch sa a.

Malerezman, genlè pifò lengwis prefere definisyon ki parèt kòm si yo ta baze sou chapant lang kreyòl yo, kòm si lang kreyòl yo se ta dè lang « san manman », dè lang ki apa nèt. Men, lè nou pran definisyon sa yo, nou wè gen lang tankou angle ki ta ka parèt pi « kreyòl » pase lang kreyòl Ayiti a. Mwen bay pi plis detay sou analiz sa a nan atik ke m pibliye e ke n ap jwenn gratis ti cheri sou paj entènèt mwen nan MIT : <http://mit.edu/degraff>. Youn nan atik sa yo ki ka ban nou yon bon rezime sou apwòch la se yon travay ke m fè ak yon zanmi lengwis ki se moun peyi Benen (Aboh & DeGraff 2017).

Wi, lang kreyòl la se lang menm jan ak tout lang. Se yon lang ki nòmal e ki djanm menm jan ak tout lang. Se depi ane 1977 ke Gus Meijer ak Pieter Muysken (1977) te byen esplike ke pifò lide sou lang kreyòl yo se rezilta prejije rasis ki te nan nannan sistèm esklavajis la. Travay Lambert-Félix Prudent (1980), travay Hubert Devonish (1986), travay Salikoko Mufwene (2005, 2020), travay pa m tou, ansanm ak travay plizyè lòt lengwis demontre ki jan pifò prejije sa yo sou lang kreyòl yo se konsekans fonksyonman sistèm pouwa kote pwodiksyon epi transmisyon konesans te sèvi pou kore pouwa sa yo ki te depann de sistèm kolonyal ak sistèm esklavaj pou pwodiksyon richès pou gran don nan peyi Ewòp yo.

Si n rive retire lasi prejije sa yo nan je nou pou n byen analize istorik lang kreyòl yo, nou ka wè ki jan fòmasyon lang kreyòl yo sanble ak fòmasyon lang womàn yo lè yo te soti nan laten. Salikoko Mufwene pibliye yon bèl kat nan yon liv ke l pibliye an 2005 ki rele *Créoles, écologie sociale, évolution linguistique*. Kat sa a montre aklè ke n ka konpare evolisyon lang womàn yo ak evolisyon lang kreyòl ki soti nan kontak ant lang franse ak lang afriken nan Oseyan Endyen e nan zòn Karayib la. Se kon sa istorik lang kreyòl sa yo ki gen vokabilè ki

soti nan franse (tankou kreyòl Ayiti a) vin sanble ak istorik lang womàn lè yo te soti nan laten nan peryòd lè pèp domine yo (tankou Golwa yo) t ap aprann laten an ba bòt kolon women yo nan tout zòn Ewòp la. Apre nan sa yo te chanje lang laten an, yo te « vènakilarize » laten an, fè l tounen yon « laten vilgè » ki te vin akouche franse, panyòl, pòtigè, woumen, e latriye. Se menm fenomèn migrasyon ak kontak lengwistik ki vin pran franse, voye l nan Oseyan Endyen, voye l nan zòn Karayib la epi franse sa a ki te pale nan bouch kolon yo, e ki vin pale pami Afriken yo tou, vin akouche lang kreyòl Moris, Sechèl, Reyinyon, Ayiti, Matinik, Gwadeloup, Giyan, e latriye.

### 3.4 Lang ak lekòl se zam pou dominasyon, wi — se Frankofoni ki vin ranplase lame kolonyal Lafrans

Analiz syantifik demontre pou ki sa, ni sou plan lengwistik, ni sou plan istorik, nou pa ka separe lang kreyòl yo de lang ki pa kreyòl. Tout lide sa yo ke n jwenn nan lengwistik epi pami entelektyèl sa yo ki di kreyòl pa lang tout bon, se manti ki soti nan yon sistèm dominasyon kolonyal ki vin chita sou dominasyon entelektyèl ansanm ak lòt kalte dominasyon nan divès sektè sosyete kolonyal e neyo kolonyal yo.

Nou wè kalte dominasyon entelektyèl sa a depi nan konkèt kontinan Amerik la avèk vwayaj Kristòf Kolon an 1492. Lè sa a, te gen yon lengwis panyòl ki te rele Nebrija ki te ekri yon premye liv gramè sou lang panyòl la (Nebrija 1492). Nan epòk lè peyi Espay, an ba rèy rèn Isabella, te kòmanse pran pòz enperyalis li, Nebrija te ofri Rèn Isabella gramè panyòl sa a ke Nebrija te ekri. Rèn lan te mande sa pou l fè ak yon gramè panyòl alòs ke li deja konn pale panyòl. Nebrija te esplike Rèn Isabella se lang panyòl la ansanm ak liv gramè panyòl la ki pral sèvi kòm zouti nan kolonizasyon Amerendyen yo (Aztèk, Maya, Enka, e latriye). Nan estrateji sa a, se gramè panyòl sa a ki pou te konvenk Amerendyen yo ke lang a yo pa lang tout bon e yo pa fouti moun tout bon toutotan yo pa konn pale panyòl. Sa montre se depi lontan Ewopeyen yo te konnen ki jan pou yo sèvi ak lang kòm zam pou kolonizasyon lòt pèp. (N ap jwenn pi plis detay sou sa nan 3 atik ke m te ekri lè Prezidan Hollande t ap rapousuiv estrateji kolonyal sa a ann Ayiti : DeGraff 2015a,b,c).

Nou wè menm pratik sa a pami Anglè yo tou. Egzanp : Lè yo te kolonize Endyen yo. An 1835, Macaulay ekri yon ti liv pou l dekri kouman Anglè yo ki te yon ti pwenyen, kouman yo pral domine Endyen yo ki te dè milyon. Ou gen dè milyon Endyen ke w vle kontwole. Men, pa gen dè milyon Anglè ki pou kontwole valè kantite Endyen sa yo. Ki sa ou pral fè? Enben, ou pral sèvi ak lang angle a pou tabli dominasyon entelektyèl Angletè sou peyi Enn. Ou pral konvenk Endyen yo ke lang yo pale a pa vo anyen devan lang angle. E poutan, lang Endyen yo soti nan lang Sanskrit ki se zansèt tout lang endo ewopeyen yo (se pou sa yo rele lang ewopeyen sa yo « *endo* ewopeyen »). An tou ka, Macaulay te gen je sèch ase pou l te ekri yon dokiman pou l di ke tout liv ki ekri an sanskrit pa gen okenn valè devan ti liv ann angle nan jaden d anfan ann Angletè. Objektif li se te pou l konvenk Endyen yo ke lang sanskrit la pa vo anyen, epi si yo vle aprann lekòl, si yo vle moun tout bon, fòk yo aprann ann angle. Epi se kon sa Macaulay te planifye pou l kreye yon ti gwoup entelektyèl

endyen k ap gen po ki mawon, men, lespri yo ap blan, epi se ti gwoup « peau marron, masques blancs » sa a ki pral ede Anglè yo domine Endyen yo. Donk, taktik ejemoni sa a klè, pa vrè?

Dominasyon sa yo kontinye menm lè koloni yo vin pran endepandans — tankou Ayiti an 1804. Wi, nou ka konpare estrateji Macaulay a ak fonksyonman Frankofoni nan lemonn jounen jodi a. Se depi an 1974 Valéry Giscard d'Estaing te esplike fason Frankofoni sa a se yon estrateji pou Lafrans sèvi avèk lang franse a pou kore pouvwa ekonomik ak pouvwa politik Lafrans. Se pou sa nou dwe antre nan dimansyon politik la tou pou n analize enpak sa genyen sou souvèrènte ak devlopman peyi a. Analiz sa a pral enpòtan anpil, wi, sitou pou nou menm ki fyè de 1791, Bwa Kayiman, Toussaint Louverture, Vètyè, Capois La Mort, Dessalines, 1804, e latriye.

An n koute echanj sa a ant Prezidan Lafrans François Hollande ak Prezidan Ayiti Michel Martelly nan Élysée nan dat 31 oktòb 2014. Prezidan Hollande di kon sa :

*Nous avons évoqué les sujets de développement en Haïti, les sujets politiques aussi. Sujets de développement parce qu'il y a des coopérations importantes. Président Martelly va rencontrer des entreprises françaises. Il y a à la fois des projets actuellement en développement pour l'hôpital, pour le développement des quartiers d'Haïti. Et moi-même, j'aurai sans doute à aller en Haïti ou l'année prochaine ou en 2016. Mais, le plus tôt serait le mieux. Enfin, il y a la francophonie. C'est un lien majeur que la langue française nous permet d'avoir avec Haïti. Et nous faisons en sorte qu'il y ait, dans les lycées qui sont construits aujourd'hui en Haïti, le plus d'enseignement en français, par des Français quand c'est possible, ou par des francophones, parce que nous ne voulions pas que ce qui fait l'identité d'Haïti, la langue française, puisse se perdre.*

Epi Prezidan Martelly dakò. Li reponn Hollande :

*... parler de reconstruire Haïti a à voir aussi avec reconstruire la mentalité haïtienne, l'homme haïtien, donc l'éducation. Ce qui est la promesse faite par le président à travers un partenariat où, par exemple, des professeurs à la retraite pourraient venir en Haïti et nous aider à fournir l'éducation adéquate à nos jeunes Haïtiens. Ce serait assez intéressant parce que c'est un passage obligé, former les jeunes.*

Èske nou tande, mezanmi? Èske nou tande? Martelly mande Hollande pou l mande pwofesè franse ki fin pran retrèt yo pou yo ale ann Ayiti pou yo fòme yon nouvo jenerasyon Ayisyen. Ki di donk : Nouvo jenerasyon sa a pral chache pran bèt (ki kalte bèt?) nan men ansyen pwofesè ki fin pran retrèt yo an Frans e ki ka pa menm metrize dènye teknik ansèyman ak nouvo zouti teknoloji modèn ! Anseyan franse sa yo, ki deja pran retrèt e ki ka dèyè bann lan nèt nan dosye pedagoji modèn, se yo menm ki pral kreye « *nouveaux hommes haïtiens* ».

Egzanp sa a tou montre nou ki jan enterè jeyo politik konn vin kwaze avèk enterè klas sosyal « moun an wo » yo. Lè n sonje biyografi Prezidan Michel Martelly, li klè ke, li menm, li p ap soufri si se anseyan franse retirete ki vin anseye nan lekòl leta ann Ayiti. Menm jan ak lòt ti moun nan elit peyi a, pitit Martelly yo pa frekante lekòl leta sa yo. Pitit li yo ap reyisi nan lavi kèl ke swa kalte ansèyman yo bay nan lekòl leta yo. E kòm se *Union School* anpil nan



ti moun sa yo al lekòl pou yo jwenn enstriksyon ann angle, kesyon lang lan (franse oswa kreyòl) pa menm afekte yo.

An n gade yon lòt pawòl ki soti nan bouch Prezidan Hollande. Li di se pwofesè franse ki pou vin anseye ann Ayiti. Li di sa enpòtan paske Ayiti ap pèdi idantite l ki depann de lang franse a. Ki di donk, nan analiz François Hollande lan, genlè sila yo ki pale kreyòl sèlman (egal : 90 % popilasyon nou an pou pi piti, selon Saint-Germain 1997) pa gen okenn « idantite » ! Sa se pawòl tèt an ba nèt, wi.

Echanj sa a ant Prezidan Hollande ak Prezidan Martelly montre nou akèl fonksyonman ak objektif Frankofoni ann Ayiti. Frankofoni sa a se pa pou enterè nou menm ann Ayiti. Fòk nou klè sou sa : Frankofoni sa a entelektyèl nou yo ap pwone a, se enterè Lafrans l ap defann ansanm ak enterè yon ti elit tou zuit. Epi se kon sa tou Prezidan Lafrans Emmanuel Macron te vin mande Prezidan Ayiti Jovenel Moïse fè kanpay pou franse tounen yon lang ofisyèl nan CARICOM ! (Haiti Libre 2017). Sa se yon pwopozisyon plizyè konpatiyòt te kritike (Komite pou tabli Akademi Kreyòl Ayisyen 2013, Léger 2013, Pierre 2015) epi m te fè kanpay kont sa sou Facebook tou<sup>7</sup>. Se kon sa Prezidan Moïse te vin chanje pozisyon l nan dosye a e li te vin mande pou lang kreyòl la, li menm tou, antre nan CARICOM (Corneille 2018).

Gen yon done istorik ki enpòtan nan dosye sa a : gen gran entelektyèl nan istwa peyi Lafrans ki te pran pozisyon ki ta ka pote kontribisyon ki pozitif nan dosye lang ak edikasyon pou Ayiti. Youn ladan yo se yon filozòf anpil nan nou konnen : René Descartes ki te di yon pawòl selèb — « Je pense, donc je suis » (Descartes 1637). Nou wè sa se yon bèl pawòl an franse ke anpil entelektyèl renmen site. Men, lè Descartes te ekri pawòl « Je pense, donc je suis » sa a an franse, li t ap goumen, wi, pou franse pa l la te ka jwenn respè pami lekèt li yo. Lè sa a, se te laten ak grèk ki te sèl kòk chante pami gran save tou patou ann Ewòp. Lè sa a, nan 17<sup>em</sup> syèk, yo te konn bat ti moun ki t ap pale franse nan Inivèsite Pari. Se laten, wi, pou yo te pale. Men, Descartes, li menm, te di li te vle pou tout konpatiyòt li yo, nan peyi Lafrans, ka konprann filozofi, ka konprann lasyans. Epòk sa a te chaje ak prejije kont fanm. Ki fè yo te panse medam yo pa t ka gen menm nivo entèlijans ak mesye yo. Epi Descartes te di l ap ekri an franse paske li te vle pou ata medam yo konprann sa l ap ekri a. Li te di, si n vle pou ata medam yo konprann lasyans, fòk nou fè lasyans an franse. Ki di donk : Menm si l te fè yon gwo erè nan rezonman sa a lè l te panse medam yo pa gen lespri tankou mesye yo, li te gen rezon lè l te di se lang natif natal popilasyon an ki ka ouvri pòt konesans pou tout moun alawonnbadè — pou konesans pa sèlman rete pami yon ti elit tou zuit.

Erezman, Papa Dessalines, li menm tou, te konprann enpòtan lang natif natal nou pou souvènte ak devlopman peyi d Ayiti. Mwen ka menm di ke Jean-Jacques Dessalines se te premye sosyolengwis, premye sikològ, premye antwopològ, premye teyorisyen sou etid kritik konsènan ras ak koulè po moun. Lontan anvan Jean Price Mars, Frantz Fanon, Pierre Bourdieu, Michel Foucault, e latriye, Dessalines te deja konprann ki jan lang ka sèvi kòm zam pou kenbe yon popilasyon an ba dominasyon neyo kolonyal (egal : « ejemoni »). Lè te gen

7. [www.facebook.com/michel.degraff/posts/10156127438438872](http://www.facebook.com/michel.degraff/posts/10156127438438872).



yon moun ki te vin pale franse avè l, li te reponn : « Ou gen lang a ou. Pou ki sa w ap chache lang lèzòt ? » (Descourtiz 1809, tòòm 3, paj 281 ; Jenson 2007 : 334). Epi l te di sa a klè ke nou menm Ayisyen, nou p ap janm ka lib toutotan nou pa retire enfliyans ajan Lafrans yo (« la piteuse éloquence des proclamations de leurs agens ») nan peyi nou e nan lespri nou (Dessalines 1804 nan Jenson 2007 : 334).

Malerezman, Dessalines, li menm, pa te ko gen zouti syantifik ki pou te pèmèt li kouche kreyòl sou papye kòm lang ofisyèl. Epi tou, an 1804, lè Ayiti te pran endepandans li, sa te enpòtan anpil pou Dessalines te sèvi ak franse epi angle pou l fè blan yo konprann pinga yo te eseye vin kontwole Ayiti ankò. Sa se youn nan rezon ki fè premye kominikasyon ofisyèl peyi d Ayiti, yo tout te ekri an franse oswa ann angle (Jenson 2007). Se finalman nan Konstitisyon 1987 la ke n vin aplike sa Dessalines te mande a, konsènan « lang a nou ». Nou vin fè lang kreyòl la tounen yon lang ofisyèl ansanm ak franse epi lang kreyòl la se sèl lang Konstitisyon an vin rekonèt kòm lang nasyonal. Wi, Atik 5 Konstitisyon 1987 la di aklè ke kreyòl la « se sèl lang ki simante tout Ayisyen ansanm ». Ki fè Atik 5 lan bay kreyòl la priyorite sou franse : menm si kreyòl ak franse se 2 lang « ofisyèl », kreyòl la se sèl lang ke tout nasyon an pale — egal, se sèl lang nasyonal peyi d Ayiti. Epi Atik 40 lan mande pou tout enstitisyon leta yo pibliye tout dokimantasyon an kreyòl e an franse.

Kounye a, pami nou menm ki la, èske nou konn yon grenn enstitisyon leta, an deyò Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA), ki pibliye tout dokiman l yo an kreyòl? Èske nou konnen yon enstitisyon nan peyi a ki aplike sa Atik 5 ak Atik 40 nan Manman Lwa peyi a mande konsènan 2 lang ofisyèl peyi a? Èske nou konn yon grenn biwo leta ki pibliye dokiman a yo nan 2 lang ofisyèl peyi a, franse ak kreyòl? Malerezman, nan pifò enstitisyon leta (ata UEH, ata FLA, ata Ministè Edikasyon Nasyonal malgre akò ki siyen ak Akademi Kreyòl Ayisyen, ata « Office de la Protection du Citoyen » k ap vyole dwa sitwayen yo tout la sent jounen), pifò dokiman ofisyèl yo se an franse sèlman yo ekri (Dejean 2006, Pierre 2013, DeGraff 2013, 2017a, Dorvil & Belony 2016). Nan UEH, pifò memwa etidyan yo se an franse sèlman yo ekri. Gen jefò k ap fèt pou gen plis dokiman an kreyòl. Egzanp : Lemèt Zefi nan FLA te ekri memwa lisans li an kreyòl (Zefi 2008). Gen plizyè lòt lengwis nan FLA k ap fè gwo jefò tou pou yo pibliye an kreyòl. Sa merite ankourajman.

Ann atandan, chak jou Bon Dye mete, Leta Ayisyen ap vyole pwòp Manman Lwa ke l te vote a epi l ap vyole dwa moun nan peyi a. Ata amannman Konstitisyon 1987 la vyole Konstitisyon an ! Wi, nou amande Konstitisyon 1987 la an 2011 epi amannman sa yo egziste an franse sèlman alòs ke Konstitisyon 1987 la (Atik 5 ak 40) rekonèt kreyòl la kòm lang « ofisyèl » e kòm lang ki simante tout Ayisyen ansanm ! Deriv sa yo tou se tonton sentòm yon peyi ki tèt an ba ! Jan pwovèb la di, « konstitisyon se papye, bayonèt se fè ». Bayonèt sa yo gen konsekans ki grav anpil. Paske vreman vre, depi gen yon enstitisyon leta ki pibliye dokiman an franse sèlman, sa vyole Manman Lwa peyi a. E sa gen konsekans malouk, ni kont dwa moun, ni kont demokrasi, ni kont devlopman peyi a. Gen rechèch ki fèt nan UNESCO, nan Bank Mondyal ki montre aklè ke yon peyi pa fouti devlope si li pa sèvi ak lang popilasyon an pale (UNESCO

2016). Ki donk baryè lengwistik la se youn nan pwoblèm ki bloke peyi a sou wout liberasyon ak devlopman.

## 4 Ki jan pou n mete lekòl yo tèt an wo ?

Pou n reponn kesyon sa a, nou pral gade yon bèl egzanp ki se Lekòl Komitè Matènwa (« LKM ») nan Lagonav epi nou pral gade sa k ap fèt nan Inisyativ MIT-Ayiti. Tou lè 2 pwojè sa yo se kole zepòl ant Ayisyen natif natal avèk etranje ki met tèt yo ansanm pou yo goumen pou mete peyi a tèt an wo pandan youn ap aprann nan menm lòt, nan respè ak solidarite. Nan pwojè sa yo, nou sèvi ak rèv Yves Dejean k ap enspire nou nan yon nouvo konba Vètyè.

### 4.1 Rèv Yves Dejean epi « twa wòch dife... »

Objektif nou se kite sistèm tèt an ba a dèyè nèt pou n rive kreye yon lòt sistèm ki baze sou « twa wòch dife » :

- lang manman,
- pedagoji entèaktif kote ti moun yo ka bati pwòp konesans yo nan fè aktivite pratik, nan fè rechèch, nan brase lide, e latriye (« aprantisaj aktif »),
- teknoloji pou edikasyon ak lòt zouti pou aprantisaj aktif.

Gen rechèch ki montre akèlè ti moun yo aprann pi byen lè yo jwenn posibilite pou yo angaje tèt yo a fon nan sa y ap aprann lan. Epi tou, teknoloji ka sèvi pou kreye kalte angajman sa a. Lè m ap pale de teknoloji, se pa oblije laptop, non ; se pa oblije telefòn entelijan, non ; se pa oblije okenn teknoloji nimerik. Se ka ti wòch, se ka elastik, se ka boutèy, se ka sèk, se ka oslè, se ka nenpòt ki bagay ki ka sèvi nan esperimantasyon pou konprann lasyans (Madhere 1992 ; DeGraff 2016a,b, DeGraff 2017a,b, DeGraff & Stump 2018 ; Jn Jacques 2018 ; Miller 2016, 2019 ; Belony, DeGraff & Stump 2019). Se ka nenpòt ki zouti k ap fè etidyan yo angaje tèt yo nan bati pwòp konesans a yo. Men, si teknoloji a gen mesaj ekri ladan, fòk mesaj sa yo aksesib nan lang ke etidyan yo pale pi byen. E se menm penpenp lan pou tout lòt materyèl ki pou sèvi nan sistèm edikasyon an : fòk tout materyèl sa yo aksesib nan lang sa a ke etidyan yo pale pi byen. Ki donk, se twa eleman sa yo pou pi piti (aprantisaj aktif, teknoloji ak lang manman) ki ka ban nou fondasyon pou nou bati lekòl tèt an wo, pou n ka rive bati yon peyi tèt an wo.

Enspirasyon pwojè « twa wòch dife » sa a, sa soti nan kolaborasyon m ak Pwòf Yves Dejean (DeGraff 2016a,b, 2017a,b, 2018a,b). Mwen kontan anpil paske konferans sa a se nan memwa Yves Dejean ak Pierre Vernet : paske mwen pa t ap ka la jodi a, e mwen pa t ap ka fè travay m ap fè jodi a si Yves Dejean pa t envite m vin travay avè l nan Biwo Lang Kreyòl nan ane 90 yo pou n te fè fòmasyon an kreyòl. Lè sa a, se te premye fwa m te anseye an kreyòl. Se lè sa a mwen te vreman kòmanse konprann enpòtans lang kreyòl la nan tout nivo ansèyman rive nan nivo inivèsite. Se li ki te premye mennen m nan *Sant Twa Ti Flè* nan Fò Wayal, bò lanmè, nan zòn Ti Gwav. Se te pitit adoptif Yves Dejean, Fritzler Tiçoit, ki te bay teren an pou lekòl la e ki te fonde lekòl la ansanm ak

## Estrateji pou lekòl tèt an wo: “Twa wòch dife”



Fig. 1 — Chema pou relasyon ant « twa wòch dife » ak « lekòl tèt an wo ».

Yves. Lekòl Sant Twa Ti Flè se premye fwa nan vi m ke m te wè ti moun k ap aprann an kreyòl sou ban lekòl e ti moun yo t ap aprann ak kè kontan, san kè sote, san fòs kote, san laperèz...

Lè goudougoudou frape peyi a nan dat 12 janvye 2010, mwen t ap pale ak Papa Yves nan telefòn, nou t ap pale sou pwoblèm lengwistik ak pwoblèm lekòl tèt an ba ann Ayiti. Epi lè goudougoudou a frape, kominikasyon an vin koupe. Se apre de twa semèn ke m aprann li te vivan e li te byen. Apre goudougoudou, Yves Dejean te vin fè yon pledwaye konsènan refondasyon sistèm edikasyon an (Dejean 2010b). Li te mande pou n pa sèlman pale de rebati batiman lekòl yo — men, fòk nou rebati *nannan* lekòl yo. Nan analiz li, pou n rebati *nannan* sistèm edikatif la, fòk nou sèvi ak lang kreyòl la. Pledwaye sa a te sikile sou entènèt, epi n te jwenn dè milye siyati pou kore demann Yves Dejean an. Se dokiman sa a ki te gide nou menm nan MIT nan kreyasyon Inisyativ MIT-Ayiti a. E m te kontan Yves Dejean te vin patisipe nan premye atelye MIT-Ayiti a (DeGraff 2016a,b, 2017a,b, 2018a,b). Pou li, se te yon rèv pou l wè pwofesè inivèsite k ap fè fizik, matematik, chimik, biyoloji, tou sa nèt an kreyòl. Se te yon bagay ki te estwòdinè.

Epi tou, m te gen chans brase lide avè l sou *Chante Alfabè Kreyòl* sa a (Louis-Charles, DeGraff & Telfort 2015 ; DeGraff & Louis-Charles 2018) ke mwen ak Mandaly Claude Louis-Charles ansanm ak Bémol Telfort te kreye a.

### 4.2 Egzanp Lekòl Kominotè Matènwa (« LKM ») nan Lagonav

Pou n ka wè ki chanjman ki posib lè ti moun yo jwenn chans pou yo aprann nan lang manman yo, an n gade videyo sa a kote ti moun yo ap aprann matematik pandan y ap jwe ak ti jwèt an kreyòl sou òdinatè. Ti videyo a byen kout epi n ap jwenn li sou YouTube : <https://youtu.be/CU4NuFck8Do>.



Fig. 2 — Yves Dejean ak Fritzler Tiçoit nan Lekòl Sant Twa Ti Flè nan Fò Woyal.



Fig. 3 — Yves Dejean nan 1<sup>e</sup> atelye MIT-Ayiti ki te fèt nan mwa d mas 2012.



Fig. 4 — Yves Dejean ap chante alfabèl kreyòl la, an kreyòl, ak Victoria Rosier.

Ti moun yo te tèlman renmen ti jwèt yo, yo te vle jwe l ata lè wikenn. Imagine 2 ti fi ann Ayiti ki te vle fè matematik an kreyòl ata pandan wikenn ! Sa se yon bèl chanjman, wi. Nan menm lekòl sa a, Christine W. Low ak Abner Sauveur, ki se fondatè lekòl la, lanse yon bèl pwojè ki rele « Liv nan lang manman » kote ti moun yo ap ekri pwòp ti liv pa yo an kreyòl. Ti liv sa yo se sou lavi tou lè jou ti moun yo ansanm ak popilasyon nan zòn lan. Egzanp : ti liv yo montre jan ti moun yo apresye bourik yo. Wi, kaka bourik ka sèvi pou fè fimye. Epi chak semenn, ti moun yo reyini pou yo li liv sa yo pou granmoun yo, pou paran yo, pou tout kominote a. Nou ka wè yon egzanp nan videyo sa a kote gen yon ti moun k ap li yon istwa ki rele « Ti kochon k ap chante » : <https://youtu.be/KHU-GHeQEQs>. Epi se byen vit nou wè jan sa vin kreye kokenn chenn amelyorasyon nan pèfòmans ti moun yo. Ti moun sa yo nan Lekòl Kominotè Matènwa, yo rive li 3 fwa pi byen pase ti moun nan menm zòn lan k ap aprann an franse. E poutan, entèvansyon an byen senp : ede ti moun yo ekri pwòp liv yo nan pwòp lang yo (egal : kreyòl).

Lè n aplike menm entèvansyon sa a nan lòt lekòl Lagonav yo, nou wè sa bay bon rezilta pou lekòl sa yo tou. An patan, nou te wè gran diferans nan pèfòmans ti moun yo nan lekti ant Lekòl Kominotè Matènwa (LKM) ak lòt lekòl



nan zòn lan. Yon fwa ke lòt lekòl yo adopte metòd pedagoji « Liv nan lang manman » LKM lan, lòt ti moun yo (sila yo ki pa nan LKM) ratrape yo byen vit. Imajine si n te ka aplike menm pwogram sa a tou patou nan tout peyi a ! (N ap jwenn pi plis detay, nan atik ki pibliye nan jounal syantifik an kreyòl e ann angle : DeGraff 2016a,b, 2017b, DeGraff & Stump 2018).

### 4.3 Fondasyon syantifik pwojè « Liv nan lang manman »

Lasyans deja esplike pou ki sa lang kreyòl la enpòtan pou ti moun yo — enpòtans lang kreyòl la ann Ayiti nan menm nivo enpòtans pa rapò ak nenpòt ki lòt lang matènèl (franse, angle, panyòl, fenlandè, nòvejyen, japonè, taylandè, e latriye) pou ti moun ki pale lang sa yo. Gen yon newosyantis nan *Collège de France* ki kolabore ak plizyè lòt syantifik pou yo byen analize ki jan pou yon ti moun aprann fè lekti (Dehaene, Dehaene-Lambertz, Gentaz, Huron & Sprenger-Charolles 2011). Nan kòmansman aprantisaj la, ki sa ti moun lan fè ? Li pran lèt yo, epi li konvèti lèt yo an son (sa lengwis rele « fonèm »). Men, fòk son sa yo deja byen chita nan tèt ti moun lan. Epi, lè ti moun lan fin mete seri son yo ansanm pou l kreye yon mo nan tèt li, li ka jwenn sans mo a. Lè ti moun lan rive metrize relasyon ki egziste ant lèt ki kouche nan liv la ak son ki nan lang ke l pale a, ti moun lan ap ka tabli koneksyon dirèk dirèk ant gwoup lèt ki kouche sou paj liv la epi sans mo yo.

An tou ka, fòk tou lè twa reprezantasyon mo yo (reprezantasyon grafemik, fonemik ak semantik) chita nan lang natif natal ti moun lan pou l ka vin maton nan fè lekti. Malerezman, pifò ti moun k ap aprann li ann Ayiti pa fouti tabli relasyon sa a paske nou gen yon sitiyaasyon kote lèt yo reprezante mo ki an *franse* alòs ke fonèm ak semantik nan vokabilè ti moun lan se an *kreyòl* ke yo egziste nan tèt ti moun lan. Ki donk, ti moun lan oblije gen difikilte pou l tabli koneksyon sa a ki nesèsè pou l aprann fè lekti. Sa se youn nan rezon fondamantal ki fè, depi an patan, ti moun yo oblije antre nan mòd pa kè : paske yo ka fè lèt yo fè bri nan zòrèy yo, men, trè souvan, twò souvan, mo yo pa rive fè sans nan sèvel yo — ki vle di : yo pa konprann sa y ap li a.

An n tande Zicky sou sa :

Yves Dejean pa mouri  
 Ganyen diferans ant li ak li  
 Pou Dominiken, li se fè lèt remèt sans  
 Kit yo pouse son, kit yo pa pouse son.  
 Pou pifò pwofesè ayisyen ak elèv,  
 Li se fè lèt pouse son  
 Kit li remèt sans  
 Kit li pa remèt sans.  
 Yves Dejean pa mouri.

E poutan, fè lèt pouse son san yo pa remèt sans, sa se yon lòt sentòm lekòl tèt an ba nan peyi tèt an ba k ap gaspiye opòtinite pou ti moun yo vin maton nan lekti ak ekriti. Fòk nou sonje nou gen yon òtograf ki djanm, nou gen yon alfabè ki djanm. Pami tout òtograf sou latè beni, òtograf kreyòl la se youn nan òtograf ki pi lojik, ki pi transparan. Egzanp : son /o/ a gen plis pase 40 diferan

òtograf an franse alòs ke menm son /o/ sa a gen yon sèl grenn grafi an kreyòl : <o> ! Epi òtograf kreyòl la lontan pi lojik pase òtograf franse ak òtograf angle. Rezon ki fè grafi kreyòl lontan pi lojik (pi « transparan ») pase òtograf franse ak angle se paske, nan grafi kreyòl la, nou gen 3 prensip fondal natal ki kore lojik transparans òtograf kreyòl la : chak lèt ret nan wòl yo, chak son toujou ekri menm jan, nanpwen lèt ki bèbè (Dejean 1986, DeGraff & Louis-Charles 2018).

Gen rechèch ki montre ki jan yon òtograf ki transparan, tankou òtograf kreyòl la, bay ti moun yo plis chans pou yo reyisi sou ban lekòl. Epi ata Stanislas Dehaene, gran lengwis e newolengwis nan *Collège de France*, di ke li menm, si l ta gen chans pou l refè òtograf franse a, si l te gen manda pou sa, li t ap bay lang franse a yon òtograf fonemik (Dehaene, Dehaene-Lambertz, Gentaz, Huron & Sprenger-Charolles 2011) — ki di donk, Dehaene t ap bay franse a yon òtograf ki tèt koupe ak òtograf ofisyèl lang kreyòl Ayiti a. Mwen panse nou ka konsidere analiz sa a kòm yon kokenn chenn andòsman pou òtograf fonemik lang kreyòl nou an.

Selon esplikasyon Stanislas Dehaene, depi w gen yon sistèm òtograf kote chak son lang lan (« fonèm ») koresponn a yon lèt (« grafèm »), ti moun yo ap ka aprann fè lekti pi fasil — lontan pi fasil pase ti moun k ap aprann òtograf franse kote yon grenn son (tankou /o/) ka rive gen 40 ekriti ki diferan. Se menm prensip transparans sa a (ki tabli yon bèl maryaj ant lèt ak son) ki ban nou non lèt alfabè kreyòl la nan *Chante Alfabè Kreyòl La* (Louis-Charles, DeGraff & Telfort 2015, DeGraff & Louis-Charles 2018) ke n ka tande sou Facebook ak YouTube :

— <https://www.facebook.com/michel.degraff/posts/10153636367853872>

— <https://youtu.be/TnnLnXALJBw>

Youn nan avantaj bab e moustach non lèt sa yo ki an kreyòl se korespondans djanm djanm ki egziste ant non lèt yo ak son lèt yo. Lè n sèvi ak non lèt franse yo pou n eple òtograf kreyòl la, sa kreye yon sistèm ki depaman nèt paske non lèt franse yo (egzanp : « c », « g », « w », « y ») pa koresponn ditou pyès ak son lèt nan alfabè kreyòl la. Malerezman, gen kreyòlis ayisyen ki panse fòk nou kenbe non lèt franse yo pou n pa fè « lagè » kont Lafrans ! Gen lòt ki di non kreyòl lèt sa yo (« a », « an », « ba », « cha », e latriye) twò sonnen tankou mo afriken ! Enben, nou wè nan ki degre lespri entelektyèl nou yo toujou kolonize : se frankofili ansanm ak ideyoloji pa yo konsènan sa ki « bèl » ak sa ki « elegan » ki genlè toujou ap gide chwa lengwistik entelektyèl sa yo menm lè chwa sa yo pa chita sou okenn baz syantifik. An tou ka, *Chante Alfabè Kreyòl La* gentan gen anpil Ayisyen k ap aprann li epi sa se yon bon siy pou yon demen miyò e pou yon peyi tèt an wo.

#### 4.4 « Twa wòch dife » nan Inisyativ MIT-Ayiti — rive jouk nan nivo inivèsite

Anvan n fini prezantasyon an, fòk mwen pataje kèk detay sou dezyèm faz pwojè MIT-Ayiti a ki wè n monte jouk nan nivo inivèsite. Nan esperyans nou ak ti moun nan Lagonav yo, nou te konstate ti moun yo se tankou eponj. Yo tou pare pou yo absòbe nouvo materyèl ak nouvo teknik ansèyman. Men, se pwofesè yo ki, pafwa, konn yon jan kazwèl devan chanjman metòd ak nouvo



teknoloji. Epi pami pwofesè tou patou nan peyi a, gen anpil ladan yo ki pa te ko ka aksepte lang kreyòl la kòm zouti ansèyman ki djanm. Se kon sa nou te deside mete pwojè a nan nivo inivèsite, pou n ofri fòmasyon pou anseyan. Se pou anseyan yo, yo menm tou, ka gen kapasite sèvi ak kreyòl, teknoloji epi pedagoji entèraktif pou yo ede nan mete lekòl yo tèt an wo.

Men bon nouvèl sou pwojè a : lide yo kòmanse ap pran pye. Soti nan premye atelye MIT-Ayiti an mas 2012, nou rive manyen plis pase 250 patisipan. Nou ofri lojisyèl ansanm ak lòt resous ak aktivite an kreyòl pou aprantisaj aktif nan matematik, fizik, chimi ak biyoloji. E nou gen plis pase 50 videyo sou sit entènèt Inisyativ la. Epi tou, Inisyativ la, an 2015, vin akouche yon konbit anseyan ann Ayiti ki rele tèt yo « Konbit MIT-Ayiti ». Nou deja fè 8 atelye, depi lè n te fè premye atelye an mas 2012. Epi 2 nan atelye sa yo se te sou Kanpis Henri Christophe nan Limonad, Inivèsite Leta d Ayiti (« CHCL-UEH »). Youn nan pi gran sipòtè nou se dirijan CHCL-UEH yo. Se Pwòf Jean-Marie Théodat ki te premye envite MIT-Ayiti nan CHCL-UEH lè li te prezidan konsèy administrasyon CHCL-UEH la. Pwòf Audalbert Bien-Aimé te vin onore envitasyon an lè l te vin ranplase Jean-Marie Théodat apre Pwòf Théodat te bay demisyon l epi l te rantre Pòtoprens. Pwòf Bien-Aimé te esplike angouman li pou Inisyativ la :

Si nou antre nan lojik Inisyativ MIT-Ayiti ki mande pou n ta korije ansèyman an, lè nou vin fè li an kreyòl, sa ap pèmèt elèv yo pi byen konprann. Sa ap pèmèt yo vin pi pratik e m panse ke se yon trè bon inisyativ. E mwen menm, mwen esprimante sa ke Inisyativ MIT-Ayiti mande pou nou fè, pou n fè ansèyman an an kreyòl. E mwen vin wè ke li pwofitab pou etidyan yo : y aprann pi vit e pi byen.

(Nou ka tande rès pawòl Prezidan Bien-Aimé yo nan videyo sa yo : videyo 1 minit 33 segonn : [www.facebook.com/michel.degraff/posts/10154290104373872](https://www.facebook.com/michel.degraff/posts/10154290104373872) ; videyo 30 minit : <https://youtu.be/OEb27RSRPl8>. Epi tou Prezidan Bien-Aimé avè m te pibliye yon atik nan *Nouvelliste* : Bien-Aimé & DeGraff 2016.)

Donk, ki sa n aprann nan pwojè a? Anpil bagay. Men, nou p ap gen tan pou n di tout bagay. Nou fè plizyè entèvyou ak patisipan yo. Apre chak atelye, nou mande yo pou yo ranpli sondaj. Nou reyalize ki jan yo gen kouraj pou yo eseye fè chanjman ki nesèsè a. Sa yo wè ki pi enpòtan se fè chanjman nan atitid anseyan ak etidyan pa rapò ak 3 resous sa yo : teknoloji, pedagoji entèraktif ak lang kreyòl. N ap jwenn pi plis detay sou sa nan atik sa a ki pibliye nan *Journal of Haitian Studies* : « An n bati lekòl tèt an wo : Lang manman, pedagoji ak teknoloji kòm engredyan fondal natal pou yon chanjman radikal » (DeGraff & Stump 2018). Epi nou fèk pibliye yon liv sou sa tou, konsènan syans fizik (Belony, DeGraff & Stump 2019). Liv sa a se premye liv nan yon seri 4 gid sou aprantisaj aktif (nan fizik, chimi, biyoloji ak matematik).

Epi an septanm 2019, mwen ak Pwòf Haynes Miller (kolèg mwen nan Fakiltè Matematik MIT) nou lanse Platfòm MIT-Ayiti ki se yon konbit lajman laj pou pwodiksyon resous an kreyòl nan tout matyè nan tout nivo : <http://MIT-Ayiti.NET>. Se *Jameel World Education Lab* nan MIT ki sponsorize Platfòm lan.



Fig. 5 — Sa se yon echantiyon platfòm sou entènèt ak lòt aktivite kreyasyon konesans ki sèvi ak lang kreyòl la kòm sa dwa.

## 5 Ayiti nou vle a

An final, pwofesè ki patisipe nan Inisyativ la gen ase jèvrin, enèji ak angouman pou yo fè fas kare ak defi ki devan yo. Yo konprann enpòtans Inisyativ la nan konba pou n reyalize Ayiti nou vle a. Men, tou, yo reyalize gwo baryè ki deja monte kont chanjman n ap chache a. Se baryè politik, se prejije kont kreyòl la, epi, sa ki pi difisil la, se rezistans sosyal la ke nou tout wè tou patou, ata nan kòlòk sa yo (kit Pòtoprens, kit Nouyòk) kote m te entèveni nan memwa Yves Dejean. Toujou gen yon seri reflèks, abitud ak tradisyon ki tèlman antrè fon nan sosyete nou an e ki toujou ap plede bay franse a pi plis valè lontan pase kreyòl la, kòm ki dirè se franse a sèlman ki ka bay « prestij », ki ka fè n santi n « elegean », ki ka ban nou « fyète », « diyite » ak « idantite » kòm moun ki « moun » tout bon e k ap patisipe nan « gran sivilizasyon ». Se prejije sa yo ke n tande nan pawòl anpil entelektyèl depi 2 syèk pou pi piti.

Nan sikonstans sa yo, fòk nou kreye yon sistèm kote nou ka vin konsyan de chwa nou yo, e de enpak chwa sa yo sou itilizasyon lang kreyòl la kòm zouti ki endispansab pou bon jan ansèyman pou pifò moun ann Ayiti. Chak fwa nou menm kòm pwofesè, kòm lidè, kòm entelektyèl ayisyen n ap chwazi yon lang pou n pale (oswa eseye pale), fòk nou reyalize ke, lè n chwazi kreyòl la, nou fè mesaj la pase pi byen pami pifò nan konpatritiyòt nou yo epi se kon sa n ap bay kreyòl la ansanm ak tèt nou ak nasyon nou pi plis valè ak pi plis mwayen pou peyi a rive devlope tèt an wo.

Men, sosyete a tèlman mete presyon kont kreyòl la, nan favè franse a, li konn pa fasil pou n chwazi kreyòl la, sitou nan sikonstans ki fòmèl, tèlman nou pè konsekans yo (egal : jijman sosyete a sou tèt nou) si n pale kreyòl. An menm tan, tou, anpil nan nou pè konsekans yo sizanka nou fè erè pandan n ap eseye pale franse — menm si se yon ti bout franse byen raz n ap eseye pale. Ki donk, si nou se pwofesè k ap chache « prestij », kèl ke swa lang nou chwazi a, sa tounen yon espyans ki mete n mal alèz. Menm mwen menm, m sonje pre-

mye fwa mwen t ap anseye an kreyòl, nan ane 1990 yo nan Biwo Lang Kreyòl la lè Papa Yves te envite m lan, lè sa a mwen pa t alèz kòm anseyan pou m pale kreyòl. Malgre m se lengwis, mwen te konn poze tèt mwen kesyon èske lang kreyòl la ka vreman fè lasyans. Kesyon sa a te konn mete anpil twoub nan lespri m ak anpil tansyon nan kè m. Retire kalte twoub ak tansyon sa yo, sa se youn nan defi ki pi enpòtan nan jounen jodi a konsènan dekolonizasyon entelektyèl ak devlopman peyi nou...

Gen yon koze ki ban m anpil espwa, se lè m al sou entènèt, lè m ap gade jèn yo, epi m jwenn yon seri de jèn k ap pwodui bon jan materyèl, bon jan zouti ak bon jan enfòmasyon an kreyòl. Epi nou vin dekouvri kreyòl la se lang ki sèvi pi plis sou Twitter ann Ayiti (DeGraff 2016b ; Ladouceur 2017).

Se jèn sa yo, nouvo jenerasyon sa a ki ka ban nou espwa ke peyi a ka chanje. Donk, an n vanse ! Mèsi anpil wi !



## Bibliographie générale

---

- ABEILLÉ Anne, *Les Nouvelles Syntaxes. Grammaires d'unification et analyse du français*, Paris, Armand Colin, 1993, 327 p.
- ABEILLÉ Anne, *Une Grammaire électronique du Français*, Paris, CNRS Éditions, 2002, 352 p.
- ABOH Enoch, DEGRAFF Michel, « A null theory of Creole formation » nan ROBERTS Ian, (kòdonatè), *Oxford Handbook of Universal Grammar*, New York, Oxford University Press, 2017, p. 401-458.
- Akademi Kreyòl Ayisyen, *Bilten Akademi Kreyòl Ayisyen*, Port-au-Prince, AKA, n° 1, octobre 2015, 8 p.
- Akademi Kreyòl Ayisyen, *Premye rezolisyon sou òtograf lang kreyòl ayisyen*, Port-au-Prince, AKA, 2017, 7 p.
- Akademi Kreyòl Ayisyen, « Sa Konstitisyon nou di sou pratik lang an Ayiti », *Le Nouvelliste*, Port-au-Prince, 29 mars 2017.
- Akademi Kreyòl Ayisyen, *Bilten Akademi Kreyòl Ayisyen*, Port-au-Prince, AKA, n° 4, octobre 2017, 12 p.
- ALAMI Sophie, DEJEUX Dominique et GARABUAU-MOUSSAOUI, Isabelle, *Les méthodes qualitatives*, Paris, Presses universitaires de France, coll. « Que sais-je ? », 2009, 128 p.
- ALBERS Ulrike, « A description of bare noun phrases in Reunion Creole », *Journal of Pidgin and Creole Languages* n° 35.1, 2020, p. 1-36.
- ALLEESAIB Muhsina, *Le groupe nominal en créole mauricien : études syntaxiques*, Saint-Denis, université de Paris VIII, 2012, 296 p.
- ARENDRT Hannah, *Crise de la culture*, Paris, Éditions Gallimard, 2010, 384 p.
- AUGÉ Claude (kòdonatè), *Nouveau Larousse universel : Dictionnaire universel encyclopédique*, Paris, Librairie Larousse, 1906, 646 p.

- AUROUX Sylvain, *La révolution technologique de la grammatisation*, Liège, Mardaga, 1994, 216 p.
- BAKER Colin, « Psycho-Social Analysis *Language Policy* », dans RICENTO Th. (éd.), *Introduction to language policy: theory and method*, Oxford, Blackwell, 2006, p. 210-228.
- BAPTISTA Marlyse, « Properties of noun phrases in creole languages. A synthetic comparative exposition », dans BAPTISTA M. et GUÉRON J., *Noun phrases in creole languages: a multi-faceted approach*, Amsterdam/Philadelphia, John Benjamins Publishing, 2007, p. 461-470.
- BAVOUX Claudine, *Linguistique et créolistique, chap. IV, Anthropos, « univers créole »*, 2002.
- BAXTER Alan N., « Malacca Creole Portuguese in the 19th century », *Journal of Pidgin and Creole Languages* 33.2 (2018), p. 247-279.
- BECKER-DONNER Etta, *Die Sprache der Mano*, Wien, Hermann Böhlau Nachf, 1965, 216 p.
- BELONY Paul, DEGRAFF Michel et STUMP Glenda S., *Gid Fizik Inisyativ MIT-Ayiti, Pò*, Éditions JEBCA, 2019, 130 p.
- BENVENISTE Émile, *Problèmes de linguistique générale 1*, Paris, Gallimard, 1966, 356 p.
- BERNABÉ Jean, *Fondal-natal*, Paris, l'Harmattan, 1983, 1559 p.
- BERNABÉ Jean, « De la négritude à la créolité : éléments pour une approche comparée », *Études françaises* 28(2-3), 1993, 23-38.
- BERNABÉ Jean, *Précis de syntaxe créole, Guide de langue et culture créole*, Ibis Rouge, Paris, Juillet, 2003, 284 p.
- BERNABÉ Jean, « Réflexions sur le statut et les pratiques énonciatives des créoles », dans DURIZOT J.-B. P. (éd.), *Les cahiers créoles du patrimoine de la Caraïbe : pawòl maké asi mès é labitid an péyi karayib*, Réseau Canopé, 2016, p. 42-47.
- BERNINI-MONTBRAND Danièle, LUDWIG Ralph, POULLET Hector, TELCHID Sylviane, *Dictionnaire créole français*, Orphie Éditions, 2014, 563 p.
- BERROUËT-ORIOU Robert, FOURNIER Robert, « Créolophonie et francophonie nord-sud : transcontinuum », *Revue canadienne des études latino-américaines et caraïbes* 17(34), 1992, p. 13-25.
- BERROUËT-ORIOU Robert, « L'Académie créole : "lobby", "ONG" ou institution d'État sous mandat d'aménagement linguistique? », *Site web AlterPresse*, 15 novembre 2014.
- BHATT Parth et Emmanuel NIKIEMA, « Le statut de la nasalité en créole de Sainte-Lucie », *Revue québécoise de linguistique*, 28-1, 2000, p. 23-45.

- BICKERTON Derek, *Roots of Language*, Karoma Publishers, 1981, 351 p.
- BIEN-AIMÉ Audalbert et DEGRAFF Michel, « Inisyativ MIT-Ayiti ap kore edikasyon san baryè sou Kanpis UEH nan Limonad », *Le Nouvelliste* 2 septanm 2016, <https://lenouvelliste.com/lenouvelliste/article/162753/Inisyativ-MIT-Ayiti-ap-kore-edikasyon-san-barye-sou-Kanpis-UEH-nan-Limonad>
- BLERALD Monique, « Concours de recrutement du second degré : Rapport de jury, CAPES externe, langues régionales, Créole », ministère de l'Éducation nationale, 2017, 44 p.
- BOCHNAK Ryan, « Future reference with and without future marking », *Language and Linguistics Compass*, n° 13, 2019, e12307.
- BOLE-RICHARD Rémy, *Systématique phonologique et grammaticale d'un parler ewe : le gen-mina du sud Bénin et sud Togo*, Paris, L'Harmattan, 1983, 350 p.
- BOLINGER Dwight L., « Contrastive accent and contrastive stress », *Language* 37.1, 1961, p. 83-96.
- BOLLÉE Annegret, « La restructuration du pluriel nominal dans les créoles de l'Océan indien », *Études Créoles* n° 23, 2000, p. 25-39.
- BOLLÉE Annegret, « Lexicographie créole : problèmes et perspectives », *Revue française de linguistique appliquée* 10(1), 2005, p. 53-63.
- BOLLÉE Annegret, « Reunion Creole », dans MICHAELIS S., MAURER P., HASPELMATH M. et HUBER M., *The survey of pidgin and creole languages. Vol. II : Portuguese-based, Spanish-based and French-based languages*, Oxford, Oxford University Press, 2013a, p. 241-249.
- BOLLÉE Annegret, « Reunion Creole structure dataset », dans MICHAELIS S., MAURER P., HASPELMATH M. et HUBER M., *Atlas of Pidgin and Creole Language Structures Online*, Leipzig, Max Planck Institute for Evolutionary Anthropology, 2013b, (en ligne, <http://apics-online.info>, visité le 13/03/2019).
- BOLUS Mirna, « The Teaching of Creole in Guadeloupe », dans MIGGE B., LÉGLISE I. et BARTENS A. (éd.), *Creoles in Education: An appraisal of current programs and projects*, Amsterdam, John Benjamins, collection « Creole language library », 2010, p. 81-86.
- BOURCIEZ Édouard et BOURCIEZ Jean, *Phonétique française*, Paris, Klincksieck, 1967, 251 p.
- BOURDIEU Pierre, *Ce que parler veut dire : L'économie des échanges linguistiques*, Paris, Fayard, 1982, 244 p.
- BROUSSEAU Anne-Marie et LEFEBVRE Claire, *A Grammar of Fongbe*, Berlin, De Gruyter Mouton, 2002, 603 p.
- BROWMAN Catherine P. et LOUIS Goldstein, « Articulatory Phonology : an overview », *Phonetica*, n° 49, 1992, p. 155-180.



- BYBEE Joan, PERKINS Revere et PAGLIUCA William, *The evolution of grammar. Tense, aspect and modality in the languages of the world*, Chicago, University of Chicago Press, 1994, 420 p.
- CADELY Jean-Robert, « L'opposition /r/ et /w/ en créole haïtien : un paradoxe résolu », *Canadian Journal of Linguistics* 33 (2), 1988a, p. 121-142.
- CADELY Jean-Robert, « Représentations syllabiques et distribution des diphtongues en créole haïtien », *Études Créoles* 11 (1), 1988b, p. 9-40.
- CADELY Jean-Robert, « Les sons du créole haïtien », *Journal of Haitian Studies*, 33 (2), 2003, p. 4-41.
- CADELY Jean-Robert, *Aspects de la phonologie du créole haïtien*, thèse de doctorat, université du Québec à Montréal, 2018, 240 p.
- CANDITO Marie-Hélène, *Organisation modulaire et paramétrable de grammaires électroniques lexicalisées*, thèse de doctorat, université Paris 7, 1999.
- CAPO Hounkpati B. Christophe, « À propos des corrélations de palatalisation et de labialisation en fon », *Annales de l'Université d'Abidjan (Linguistique)*, n° 2, 1978, p. 5-19.
- CAPO Hounkpati B. Christophe, « Palatalisation synchronique en gbe », *Langage et Devenir*, n° 2, 1985, p. 3-31.
- CAPO Hounkpati B. Christophe, « Palatalisation diachronique en gbe », *Sprache und Geschichte in Afrika*, n° 8, 1987, p. 281-309.
- CAPO Hounkpati B. Christophe, *A Comparative phonology of gbe*, Berlin, De Gruyter Mouton, 1991a, 238 p.
- CAPO Hounkpati B. Christophe, « De la portée de la "palatisation" en gbe et ses implications théoriques », *Revue québécoise de linguistique*, n° 20(1), 1991b, p. 129-155. doi:10.7202/602690ar.
- CELLIER Pierre, « Variation et standardisation syntaxique du créole réunionnais », *Études Créoles* IV, 1982, p. 78-96.
- CELLIER Pierre, *Description syntaxique du créole réunionnais : Essai de standardisation*, Lille, ANRT Lille 3, 1987, 752 p.
- Centre International de Phonétique appliquée — Mous Guide pratique Linguapax, 1997.
- CHARLES Fabien, « Ki sa pale vle di ann Ayiti? » AyiboPost <http://ajibopost.com/ki-sa-pale-vle-di-ann-ayiti/> *Potomitan : Site de promotion des langues et cultures créoles*, 2015. [www.potomitan.info/ajiti/charles/pale](http://www.potomitan.info/ajiti/charles/pale).
- CHAUDENSON Robert, *Le Lexique du parler créole de La Réunion*, Saint-Denis, H. Champion, 1974, 2 vol., 1248 p.
- CHAUDENSON Robert et VERNET Pierre, *L'école en créole : Études comparées de réformes éducatives en Haïti et aux Seychelles*, Québec, Agence de coopération technique, 1983, 161 p.

- CHAUDENSON Robert, MUFWENE Salikoko S. (éd.), *Creolization of Language and Culture*, London, Routledge, 2003, 340 p.
- CHOMSKY Noam et HALLE Morris, *Principes de phonologie générative*, Paris, Seuil (coll. « Travaux linguistiques »), 1973 [1968 pour la version originale anglaise], 352 p.
- CLEMENTS George N., « Lieu d'articulation des consonnes et des voyelles : une théorie unifiée », dans BARNARD L. et RAILLAND A. (éd.), *Architecture des représentations phonologiques*, Paris, CNRS Éditions, 1993, p. 101-145.
- COLLINS Christopher et POSTAL Paul, *Classical Neg-Raising*, MIT Press, 2014, 296 p.
- CONFIAnt Raphaël, *Dictionnaire créole martiniquais-français*, Matoury, Guyane, éd. Ibis Rouge (2 vol.), 2007, 2170.
- COPLEY Bridget, « Ordering and reasoning », *New Work on Modality*, MIT Working Papers in Linguistics, vol. 51, 2005a, p. 7-34.
- COPLEY Bridget, « Futurate meanings », *Papers in linguistics*, University of Pennsylvania, vol. 11, issue 1, 2005b, p. 15-28.
- COPLEY Bridget, « Force dynamics », dans TRUSWELL R., *Oxford handbook of event structure*, Oxford, Oxford University Press 2008, p. 103-139.
- COPLEY Bridget, *The Semantics of the Future*. Outstanding dissertations in Linguistics. Routledge, 2009, 172 p.
- CORNEILLE Websder, « CARICOM / Langue: Jovenel Moïse marque une rupture avec Michel Martelly », *LOOP Haiti* 28 fevriye 2018, [www.loophaiti.com/content/jovenel-moise-marque-une-rupture-avec-michel-martelly](http://www.loophaiti.com/content/jovenel-moise-marque-une-rupture-avec-michel-martelly).
- CORVER Norbert, DOETJES Jenny et ZWARTS Joost, « Linguistic perspectives on numerical expressions: Introduction », *Lingua* n° 117(5), 2007, p. 751-757.
- CÔTÉ Marie-Hélène, « Liaison et assibilation en français laurentien », dans SOUM-FAVARO C., COQUILLON A. et CHEVROT J.-P., *La liaison : approches contemporaines*, Berlin, Peter Lang, 2014, p. 9-31.
- COTHIÈRE Darline et BERROUËT-ORIOU Robert, « Éléments d'analyse du système éducatif au regard des deux langues haïtiennes », dans BERROUËT-ORIOU R. et al., *L'aménagement linguistique en Haïti : enjeux, défis et proposition*, Port-au-Prince, université d'État d'Haïti, 2011, p. 151-160.
- CRABBÉ Benoit, *Représentation informatique de grammaires d'arbres fortement lexicalisées : le cas de la grammaire d'arbres adjoints*, thèse de doctorat, université de Nancy 2, 2005.
- CREISSELS Denis, *Aperçu sur les structures phonologiques des langues négro-africaines*, Grenoble, Ellug, 1994, 321 p.
- CRUZ Maxime da et AVOLONTO Aimé, « Un cas d'harmonie vocalique en fongbè », dans KIHM A. et LEFEBVRE C. (éd.), *Aspects de la grammaire du fongbè : études de phonologie, de syntaxe et de sémantique*, Paris, Peeters, 1993, p. 29-47.

- CUMMINS Jim, « Fundamental Psycholinguistic and Sociological Principles Underlying Educational Success for Linguistic Minority Students », dans SKUTNABB-KANGAS T., PHILLIPSON R., MOHANTY A.K., PANDA M. (éd.), *Social Justice Through Multilingual Education*, Bristol, Multilingual Matters, 1999, p. 19-37.
- DAHL Östen, « The grammar of future time reference in European language », dans DAHL Ö., *Tense and aspect in the languages of Europe*, Berlin, Mouton de Gruyter, 2000, p. 309-328.
- DAMOISEAU Robert, « Éléments pour une classification des verbaux en créole haïtien », *Études créoles*, n° 11, 1988, p. 41-64.
- DAMOISEAU Robert, « Contribution à l'étude des marques d'aspect et de temps en créole haïtien : Données fournies par une enquête menée auprès d'élèves-maîtres des écoles normales d'Haïti », *Revue d'ethnolinguistique : Cahiers du Lacito*, n° 4, 1989, p. 169-195.
- DAMOISEAU Robert, « Réflexions sur le fonctionnement du système aspecto-temporel du créole haïtien », *Linguistique*, n° 30, 1994, p. 105-120.
- DAMOISEAU Robert, *Éléments de grammaire comparée français-créole*, Petit-Bourg, Guadeloupe, Ibis Rouge Éditions, 2005, 180 p.
- DAMOISEAU Robert, *Syntaxe créole comparée*, Paris, Éditions Karthala, 2012, 208 p.
- DAUZAT Albert, « Notes sur la palatalisation des consonnes », *Romania*, n° 165, 1913, p. 23-33, [www.persee.fr/doc/roma\\_0035-8029\\_1913\\_num\\_42\\_165\\_4725](http://www.persee.fr/doc/roma_0035-8029_1913_num_42_165_4725).
- DAWSON Alain, *Variation phonologique et cohésion dialectale en picard. Vers une théorie des correspondances dialectales*, thèse de doctorat, université de Toulouse II — Le Mirail, 2006, 340 p.
- DAY Claudine, *Modalité et modalisation dans la langue*, Paris, L'Harmattan, 2008, 132 p.
- DECAMP David, « Toward a generative analysis of a post-creole speech continuum », dans HYMES D. (éd.), *Pidginization and creolization of languages*, Cambridge, Cambridge University Press, 1971, p. 349-370.
- DÉCHAINÉ Rose Marie, « Bare sentences », *SALT I, Ithaca*, Cornell University, 1991, p. 31-50.
- DEGRAFF Michel (éd.), *Language Creation and Language Change. Creolization, Diachrony and Development*, Cambridge (Mass.), MIT Press, 1999, 586 p.
- DEGRAFF Michel, « A riddle on negation in Haitian », *Probus* n° 5.1-2, 1993, p. 63-95. Available at <http://mit.edu/degraff>.
- DEGRAFF Michel, « Is Haitian Creole a pro-drop language? », *Creole language library*, vol. 11, FRANCIS BYRNE and JOHN HOLM (éd.), Amsterdam / Philadelphia, 1993, p. 71-90. Available at <http://mit.edu/degraff>.

- DEGRAFF Michel, « To move or not to move? Placement of verbs and object pronouns in Haitian Creole and in French », *Papers from the 30th Meeting of the Chicago Linguistic Society*, 1994, p. 115-130. Available at <http://mit.edu/degraff>.
- DEGRAFF Michel (2013), *Rezilta atelye sou estanda pou ekri kreyòl nan tèks pou lekòl fondamantal*, Pòtoprens, MENFP (non publié).
- DEGRAFF Michel, « Against Creole Exceptionalism », *Language* 79.2, 2003, p. 391-410. Available at <http://mit.edu/degraff>.
- DEGRAFF Michel, « Linguists' Most Dangerous Myth: The Fallacy of Creole Exceptionalism », *Language in Society* 34.4., 2005, p. 533-591. Available at <http://mit.edu/degraff>.
- DEGRAFF Michel, « Haitian Creole », *Comparative Creole Syntax: Parallel Outlines of 18 Creole Grammars*, Battlebridge Publications, Westminster Creolistics Series 7, 2007, p. 101-126. Available at <http://mit.edu/degraff>.
- DEGRAFF Michel, « Kreyòl ayisyen, or Haitian Creole », dans HOLM J. et PATRICK P. (éd.), *Comparative Creole Syntax. Parallel outlines of 18 Creole grammars*, London, Battlebridge Publications, 2007, p. 101-126. Available at <http://mit.edu/degraff>.
- DEGRAFF Michel, « Men anpil, chay pa lou. An nou sèvi ak lang kreyòl pou bon jan rechèch ak edikasyon ann Ayiti », dans GOVAÏN R. (dir.), *Akademi Kreyòl Ayisyen Akademi Kreyòl Ayisyen : Ki pwoblèm? Ki avantaj? Ki defi? Ki avni?*, Port-au-Prince, Éditions de l'université d'État d'Haïti, 2013, p. 274-327. Available at <http://mit.edu/degraff>.
- DEGRAFF Michel, « Le devoir néo-colonial et le non-devoir de maison du président François Hollande », *Le Nouvelliste* 15 me 2015, 2015a, <https://lenouvelliste.com/lenouvelliste/article/144761/Le-devoir-neocolonial-et-le-non-devoir-devoir-de-maison-du-president-Francois-Hollande>.
- DEGRAFF Michel, « France's misconceived "Marshall Plan" for Haiti », *Le Monde Diplomatique* 26 me 2015, 2015b, <https://mondediplo.com/outsidein/france-s-misconceived-marshall-plan-for-haiti>.
- DEGRAFF Michel, « Lettre ouverte à l'ambassadeure de France en Haïti, Madame Élisabeth Béton Delègue », *Le Nouvelliste* 21 desanm 2015, 2015c, <https://lenouvelliste.com/lenouvelliste/article/153797/Lettre-ouverte-a-lambassadeur-de-France-en-Haiti-Madame-Elisabeth-Beton-Delegue>.
- DEGRAFF Michel, « Diskriminasyon lengwistik ann Ayiti se yon mepri pou dwa timoun epi sa frennen devlopman peyi a », *openDemocracy*, 2017a, [www.opendemocracy.net/en/openglobalrights-openpage/diskriminasyon-lengwistik-ann-ayiti-se-yon-mepri-pou-dwa-timoun-epi-/](http://www.opendemocracy.net/en/openglobalrights-openpage/diskriminasyon-lengwistik-ann-ayiti-se-yon-mepri-pou-dwa-timoun-epi-/).
- DEGRAFF Michel, « Mother tongue books in Haiti : The power of Kreyòl in learning to read and in reading to learn », *Prospects*, 2017b. <https://link.springer.com/article/10.1007%2Fs11125-017-9389-6>.

- DEGRAFF Michel, « Repons Michel DeGraff pou Dwayen Renauld Govain (Fakiltè Lengwistik Aplike, UEH) sou Premye Rezolisyon AKA sou òtograf kreyòl », *Site web Facebook*, 30 juin 2017. <https://www.facebook.com/notes/788013848643085/>.
- DEGRAFF Michel, « Repons Michel DeGraff pou Zefi Lemèt (Fakiltè Lengwistik Aplike, UEH) sou Premye Rezolisyon AKA sou òtograf kreyòl », *Site web Facebook*, 19 juin 2017. <https://www.facebook.com/michel.degraff/posts/10155479299528872>.
- DEGRAFF Michel, « Ochan pou Pwòf Yves Dejean ». *Do.Kre.I.S. Revue haïtienne des cultures créoles*. #2 *Miroir / Miwa*, 2018a, p. 155 [http://lingphil.scripts.mit.edu/papers/degraff/Ochan\\_DeGraff\\_pou\\_Dejean\\_sou\\_AKA\\_Do\\_Kre\\_I\\_S\\_2018.pdf](http://lingphil.scripts.mit.edu/papers/degraff/Ochan_DeGraff_pou_Dejean_sou_AKA_Do_Kre_I_S_2018.pdf).
- DEGRAFF Michel, « Toward racial justice : The case of Creole Studies », *Language*, volume 90, #4, 2020. [http://lingphil.scripts.mit.edu/papers/degraff/DeGraff\\_2020\\_Racial\\_justice\\_in\\_Ceole%20studies.pdf](http://lingphil.scripts.mit.edu/papers/degraff/DeGraff_2020_Racial_justice_in_Ceole%20studies.pdf).
- DEGRAFF Michel et VÉRONIQUE Daniel, « À propos de la syntaxe des pronoms objets en créole haïtien : points de vue croisés de la morphologie et de la diachronie », *Langages*, 34<sup>e</sup> année, n° 138, 2000, p. 89-113. Available at <http://mit.edu/degraff>.
- DEGRAFF Michel et LOUIS-CHARLES Mandaly Claude, « An n konprann Chante Alfabè Kreyòl La ». *Potomitan : Site de promotion des cultures et des langues créoles*, 2018, [www.potomitan.info/ajiti/alfabe2.php](http://www.potomitan.info/ajiti/alfabe2.php).
- DEGRAFF Michel, STUMP Glenda, « An n bati lekòl tèt an wo : Lang manman, pedagoji ak TEKNOLOJI kòm engredyan fondal natal pou yon chanjman radikal. » *Journal of Haitian Studies*, 2018, p. 24.2.114-124. [http://lingphil.scripts.mit.edu/papers/degraff/DeGraff-Stump\\_10HS\\_2018\\_lekol\\_tet\\_an\\_wo.pdf](http://lingphil.scripts.mit.edu/papers/degraff/DeGraff-Stump_10HS_2018_lekol_tet_an_wo.pdf).
- DEHAENE Stanislas, DEHAENE-LAMBERTZ Ghislaine, GENTAZ Edouard, HURON Caroline et SPRENGER-CHAROLLES Liliane, *Apprendre à lire*, Paris, Odile Jacob, 2011, 155 p.
- DEJEAN Paul, *Haïti : Alerte, on tue !* Montréal, CIDHICA, 1993, 299 p.
- DEJEAN Yves, *Nouveau voyage en diglossie*, Brooklyn, 1979, 25 p.
- DEJEAN Yves, *Ann aprann òtograf kreyòl la*, New York, K.A.P.A.B, 1986, 49 p.
- DEJEAN Yves, *Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba*. Pòtoprens, FOKAL, 2006. [Anrejistremant odyo 2 premye chapit yo : <https://soundcloud.com/ctpublications/chapit-1-yon-lek-l-t-t-anba/> ]
- DEJEAN Yves, « Creole and education in Haiti » nan SPEARS Arthur et JOSEPH Carole (kòdonatè), *The Haitian Creole language : History, structure, use, and education*, Lanham MD, Lexington Books, 2010a, p. 199-217.
- DEJEAN Yves, *Èske se ak sab Ayiti a pou nou rebati lekòl yo ? Èske se ak lang kreyòl Ayiti a menm pou nou fè lekòl ?*, 2010b, [www.forumhaiti.com/tq400-ajiti-gen-yon-avantaj-bab-e-moustach](http://www.forumhaiti.com/tq400-ajiti-gen-yon-avantaj-bab-e-moustach).

- DEJAN Yves, *Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba*, Port-au-Prince, Édition de l'Université d'État d'Haïti, 2013, 445 p.
- DEJEAN Yves, « Réflexions sur un projet d'académie du créole haïtien », *Do. Kre.I.S. Revue haïtienne des cultures créoles. #2 Miroir / Miwa*, 2018 [2013], p. 156-160. [http://lingphil.scripts.mit.edu/papers/degraff/Ochan\\_DeGraff\\_pou\\_Dejean\\_sou\\_AKA\\_Do\\_Kre\\_I\\_S\\_2018.pdf](http://lingphil.scripts.mit.edu/papers/degraff/Ochan_DeGraff_pou_Dejean_sou_AKA_Do_Kre_I_S_2018.pdf).
- DELUMEAU Fabrice, *Une description linguistique du créole guadeloupéen dans la perspective de la génération automatique d'énoncés*, thèse de doctorat, université Paris X, 2006, 314 p.
- DENEAULT Alain, *La médiocratie*, Montréal, Lux Éditeur, coll. « Lettres libres », 2015, 218 p.
- Département de l'éducation nationale (DEN)/HAÏTI, *La réforme éducative, éléments d'information*, Port-au-Prince, 1982, 65 p.
- DÉPREZ Viviane, « Haitian Creole: a Pro-drop language? », *Journal of Pidgin and Creole Language*, n° 9(1), 1994, p. 1-24.
- DÉPREZ Viviane, « Nominal constituents in French lexifier creoles: Probing the structuring role of grammaticalization », *Journal of Pidgin and Creole Languages*, n° 22(2), 2007, p. 263-307.
- DÉPREZ Viviane, « (Un)-interpretable Features and Grammaticalization », dans DUFRESNE M., DUPUIS F. et ETLÉVA V., *Historical Linguistics 2007: Selected papers from the 18th International Conference on Historical Linguistics*, Montreal, 2009, p. 83-97.
- DÉPREZ Viviane, « What is Strict Negative Concord : Lessons from French Based Creoles », dans ZIEGLER D., ZHIMING B, *Negation and Contact : With a special focus on Singlish*. John Benjamins, 2017, p. 81-115.
- DÉPREZ Viviane, « Plurality and Definiteness in Mauritian and Haitian creoles », *Journal of Pidgin and Creole Languages*, n° 34-2, 2019, p. 287-345.
- DÉPREZ Viviane et FABIOLA Henri, « A typology of negation in French Based Creoles », CIEC (Comité international des études créoles), Aix-Marseille University, oct. 29-31, 2014.
- DÉPREZ Viviane et FABIOLA Henri (éd.), *Negation and Negative Concord : The View from Creoles*, John Benjamins, 2018.
- DÉPREZ Viviane et VINET Marie-Thérèse. « Predicative Constructions and Functional Categories in Haitian Creole », *Journal of Pidgin and Creole Languages* n° 12.2, John Benjamin, Amsterdam, 1997, p. 1-32.
- DESCARTES René, *Discours de la méthode pour bien conduire sa raison et chercher la vérité dans la science*, Leyde, Imprimerie de Jan Maire, 1637, 78 p.
- DESCOURTILZ Michel Etienne, *Voyages d'un naturaliste et ses observations faites sur les trois règnes de la nature, dans plusieurs ports de mer français, en Espagne, au*



- continent de l'Amérique Septentrionale, à Saint-Yago de Cuba, et à St-Domingue...*, Paris, Dufart, père, 1809 (3 tomes).
- DEVONISH Hubert, *Language and liberation: Creole language politics in the Caribbean*, London, Karia, 1986, 268 p.
- DIZIKES Peter, « MIT-Haiti, Google team up to boost education Kreyòl », *MIT News*, 30 oktòb 2017. <http://news.mit.edu/2017/mit-haiti-google-team-boost-education-kreyol-1031>.
- DOBROVIE-SORIN Carmen, « Classes de prédicats, distribution des indéfinis et la distinction théorique-catégorique », *Le Gré des langues*, Paris, L'Harmattan, 1997, p. 58-97.
- DORLUS Dorlus (coord.), *Entre refondation et reconstruction : Les problématiques de l'avenir post-sismique d'Haïti*, Port-au-Prince, Éditions de l'université d'État d'Haïti, 2010, 329 p.
- DORVIL Cledicianne et BELONY Paul, « Dechèpiye stereyotip kont lang matènèl la nan sosyete ayisyen an. » *Journal of Haitian Studies*, 22.1, 2016, p. 170-177.
- DRYER Matthew S. et HASPELMATH Martin (éd.) 2013. *The World Atlas of Language Structures Online*. Leipzig: Max Planck Institute for Evolutionary Anthropology. (Available online at <http://wals.info>, Accessed on 2019-08-08.)
- DUBET François, *Le déclin de l'institution*, Paris, Le Seuil, 2002, 422 p.
